

Eta Nouyòk
Medicaid Managed Care

**MANYÈL ENFÒMASYON POU
MANM METROPLUSHEALTH YO**

Revize Novanm 2024

MEN KI KOTE POU W JWENN ENFÒMASYON W VLE YO

Nou di w byenvini nan Pwogram Medicaid Managed Care ki rele MetroPlusHealth la ...	1
KIJAN PLAN MANAGED CARE YO MACHE.....	1
FASON POU ITILIZE MANYÈL SA A.....	2
ASISTANS KI SOTI NAN MEN SÈVIS MANM YO.....	2
KAT IDANTIFIKASYON PLAN W LAN.....	4
PATI I PREMYE BAGAY OU DWE KONNEN	5
KIJAN POU W CHWAZI FOUNISÈ SWEN PRENSIPAL OU (PCP)	5
KIJAN POU W JWENN SWEN SANTE NÒMAL.....	7
FASON POU W JWENN SWEN ESPESYALIS - REKÒMANDASYON	9
RESEVVWA SÈVIS SA YO NAN PLAN NOU AN SAN YON REFERANS	10
IJANS	13
SWEN IJAN.....	15
NOU VLE KENBE W AN SANTE	15
PATI II: AVANTAJ OU YO AK PWOSEDI PLAN AN.....	17
BENEFIS YO.....	17
SEVIS KI KOUVRI NAN METROPLUSHEALTH.....	17
AVANTAJ OU KA JWENN NAN METROPLUSHEALTH OSWA AK KAT MEDICAID OU A	36
ITILIZASYON BENEFIS KAT MEDICAID OU A SÈLMAN	37
SÈVIS KI PA KOUVRI:.....	38
Si w resevwa yon fakti	39
SÈVIS OTORIZASYON.....	39
Otorizasyon alavans	39
KIJAN YO PEYE FOUNISÈ NOU YO	45
OU KA BAY ÈD NAN RÈGLEMAN PLAN AN	45
KENBE NOU OKOURAN	46
ANILASYON ENSKRIPSYON AK TRANSFÈ	46
APÈL PLAN.....	48
Apèl Ekstèn.....	53
Odyans San patipri	55
PWOSESIS PLENT.....	57
Fason pou depoze yon plent.....	58
Sa k ap rive Apre	58
Apèl plent.....	59
DWA AK RESPONSABLITE MANM YO	60
DESIZYON ALAVANS	61
NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN	63
SIT ENTÈNÈT ENPÒTAN.....	64

Nou di w byenvini nan Pwogram Medicaid Managed Care ki rele MetroPlusHealth la

Nou kontan w enskri nan MetroPlusHealth. Manyèl sa a ap gide w pou seri konplè sèvis swen sante w gen disponib pou ou yo. Nou vle asire w byen kòmanse antanke yon nouvo manm. Nan lide pou n konnen w pi byen, n ap kontakte w nan de oswa twa semèn k ap vini yo. Ou ka poze nou nenpòt kesyon w genyen, oswa jwenn èd pou pran randevou. Si w bezwen pale avèk nou anvan nou vizite w, alò, annik rele nou nan 800.303.9626.

KIJAN PLAN MANAGED CARE YO MACHE

Plan an, Founisè nou yo epi Ou menm

Managed care bay yon santral pou swen w.

- Nou gen yon gwoup founisè swen sante pou ede nou satisfè bezwen w yo. Doktè ak espesyalis, lopital, laboratwa ak lòt etablisman swen sante sa yo fòme **rezo founisè nou an**. Rezo founisè nou an parèt nan **anyè founisè nou an**. Si w pa gen yon anyè founisè, rele 800.303.9626 (TTY: 711) pou jwenn yon kopi oswa ale sou sit entènèt nou an nan metroplus.org.
- MetroPlusHealth gen yon kontra avèk Depatman Sante Eta a pou satisfè bezwen swen sante pou moun ki gen Medicaid. Si w t ap sèvi avèk kat Medicaid ou a pou resevwa sèvis sante konpòtmantal, kounye a ou kapab jwenn sèvis sa yo nan MetroPlusHealth.
- Lè w rantre nan MetroPlusHealth, w ap bezwen chwazi yon founisè swen prensipal (PCP) nan rezo founisè nou an. Si w bezwen fè yon tès, wè yon espesyalis, oswa ale nan lopital, Founisè Swen Prensipal ou an ap aranje sa a pou ou.
- Menm si PCP w la se prensipal sous ou pou swen sante, nan kèk ka, ou ka refere tèt ou ak kèk doktè pou kèk sèvis. Pou w jwenn plis detay, gade paj 10.

PCP w la disponib pou ou chak jou, lajounen tankou lannwit. Si w bezwen pale ak yo apre lè biwo oswa nan wiken, kite yon mesaj ak fason yo ka rive jwenn ou. PCP ou an pral tounen kontakte w pi rapid posib.

Ou ka jwenn limit pou kèk founisè plan si yo jwenn ou se yon benefisyè limite. Men kèk egzanp rezon w ka gen limit:

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

- w ap resevwa swen nan men plizyè doktè pou menm pwoblèm lan
- w ap resevwa swen medikal pi souvan pase sa a ki nesesè
- w ap sèvi avèk medikaman sou preskripsyon nan yon fason ki ka danjere pou sante w
- w ap kite yon moun ki pa ou menm pou sèvi ak kat ID plan w lan.

Konfidansyalite

Nou respekte dwa w pou konfidansyalite. MetroPlusHealth rekonèt konfyans ki nesesè ant ou menm, fanmi w, doktè w yo ak lòt founisè swen yo. MetroPlusHealth p ap janm mete deyò istwa medikal oswa istwa sante konpòtman w san apwobasyon w alekri. Sèl moun ki pral gen enfòmasyon klinik ou yo se pral MetroPlusHealth, Founisè Swen Prensipal ou a, reprezantan otorize w la ak lòt founisè ki ba w swen. Founisè Swen Prensipal ou oswa Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ou, si w gen youn, pral toujou diskite avèk ou davans sou rekòmandasyon kay founisè sa yo. Anplwaye MetroPlusHealth yo resevwa fòmasyon pou kenbe konfidansyalite manm yo yon fason estrik.

FASON POU ITILIZE MANYÈL SA A

Manyèl sa a pral ede w lè w rantre nan yon plan swen kontwole. Manyèl sa a pral di w fason nouvo plan swen sante w la pral fonksyone ak kijan w kapab tire tout avantaj ou kapab nan MetroPlusHealth. Manyèl sa a se gid ou pou sèvis sante ak byennèt yo. Li di w pa ki etap pou pase pou fè plan an fonksyonnen pou ou.

Premye kèk paj yo pral di w kisa w bezwen konnen **touswit**. Sèvi ak li kòm referans oswa tcheke yon ti moso ladan detanzantan.

Lè w gen yon kesyon, tcheke nan Manyèl la oswa rele inite Sèvis Manm nou an. Ou kapab rele tou anplwaye swen kontwole a nan Depatman sèvis Sosyal ki bò lakay ou (LDSS).

Si w ap viv nan **Bronx, Kings, New York, Richmond oswa Queens**, rele Liy Asistans New York Medicaid Choice la nan 800.505.5678.

ASISTANS KI SOTI NAN MEN SÈVIS MANM YO

Gen yon moun pou ede w nan Sèvis Manm:
Lendi rive vandredi, 8am - 8pm, Samdi 9am - 5pm
Rele nou gratis nan: 800.303.9626

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Si w gen pwoblèm pou w tandé (ou gen pwoblèm tandé) epi w ka jwenn yon machin TDD/TTY, tanpri rele nou gratis nan: **711**.

Si w gen yon pwoblèm vizyon epi w ta renmen sèvi ak yon manyèl an Bray oswa yon manyèl anrejistre (kasèt odyo), rele Sèvis Manm yo.

Si w bezwen èd medikal apre lè biwo, nan wikenn oswa nan jou ferye, rele Sèvis Asistans MetroPlusHealth nan Telefòn gratis 24 sou 24 nan **800.442.2560**.

Pou Kriz Sante Konpòtman, rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an nan 866.728.1885.

- Ou ka rele Sèvis Manm yo pou jwenn èd **nenpòt lè w gen yon kesyon**. Ou ka rele nou pou w chwazi oswa pou w chanje Founisè Swen Prensipal ou a (*PCP pou pi kout*), pou w mande enfòmasyon sou avantaj ak sèvis yo, pou w jwenn èd sou referans, pou w ranplase yon kat idantite ki pèdi, pou w di nou si w ansent oswa gen yon bebe, oswa pou w mande enfòmasyon sou nenpòt chanjman ki ta ka gen sou avantaj ou yo ak pa fanmi w yo.
- Si w ansent oswa w vin ansent, pitit ou a ap fè pati MetroPlusHealth jou li fèt la. Sa a ap rive si sèlman pitit ki fenk fèt ou a twouve l nan yon gwoup ki pa ka rantre nan swen kontwole. Ou dwe rele nou ak LDSS ou a touswit si w vin ansent epi kite nou ede w chwazi yon doktè pou **tibebe** an anvan li fèt.
- Nou ofri **seyans gratis** pou eksplike plan sante nou an ak fason nou ka ede w pi byen. Se yon moman ideyal pou w poze kesyon epi pou rankontre lòt manm. Si w ta renmen vini nan yonn nan seyans yo, rele nou pou jwenn yon lè ak yon kote ki pi bon pou ou.
- **Si w pa pale Anglè**, nou ka ede w. Nou vle w konnen kijan pou sèvi ak plan swen sante w la, kèlkeswa lang ou pale. Annik rele nou epi n ap jwenn yon fason pou pale ak ou nan pwòp lang pa w. Nou gen yon gwoup moun ki ka ede. Nou pral ede w jwenn yon PCP tou (Founisè Swen Prensipal) ki ka pale ak ou nan lang pa w.
- **Pou moun ki gen andikap:** Si w sèvi ak chèz woulant, oswa w avèg, osinon w gen pwoblèm pou tandé oswa pou konprann, rele nou si w bezwen èd anplis. Nou ka fè w konnen si biwo yon founisè an patikilye gen aksè pou chèz woulant oswa si li gen aparèy espesyal pou moun kominiye. Epitou nou gen sèvis tankou:
 - Machin TTY (nimewo telefòn TTY nou an se 711)
 - Enfòmasyon an gwo lèt

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

- Jesyon Dosye
- Èd pou pran oswa pou jwenn randevou yo
- Non ak adrès founisè ki espesyalize nan andikap ou an
- **Si w ap resevwa swen adomisil kounye a,** enfimyè w la oswa gad malad ou a gen dwa pa konnen si w te antre nan plan nou an. **Rele nou touswit** pou asire swen adomisil ou yo pa kanpe sanzatann.

KAT IDANTIFIKASYON PLAN W LAN

Apre w fin enskri, n ap voye pou ou yon lèt byenveni. Kat ID manm MetroPlusHealth ou an ta dwe rive nan lespas 14 jou apre dat enskripsyon w lan. Kat ou an gen sou li non ak nimewo telefòn PCP w lan (Founisè Swen Prensipal la). L ap genyen tou Nimewo Idantifikasyon Kliyan w lan (CIN, Client Identification Number). Si gen nenpòt bagay ki pa bon sou kat ID MetroPlusHealth ou a, rele nou tousuit. Kat ID w la pa montre w gen Medicaid oswa MetroPlusHealth sa a se yon plan sante espesyal.

Mache ak kat ID ou sou ou tout tan epi prezante li chak fwa w al pran swen. Si w bezwen swen anvan kat la vini, lèt byenveni w la se prèv ou se yon manm. Ou dwe konsève kat Medicaid ou a. Ou pral bezwen kat la pou jwenn sèvis MetroPlusHealth pa kouvri yo.

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)
 Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
 Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

PATI I PREMYE BAGAY OU DWE KONNEN

KIJAN POU W CHWAZI FOUNISÈ SWEN PRENSIPAL OU (PCP)

- Pètèt ou gentan chwazi Founisè Swen Prensipal (PCP) ou a déjà pou sèvi tankou doktè regilye w la. Moun sa a ka yon doktè, yon enfimyè praktisyonè oswa yon lòt founisè swen sante. **Si w pa t chwazi yon PCP pou ou ak fanmi w, ou dwe fè sa a touswit.** Si w pa chwazi yon doktè nan lespas 30 jou apati lè w resevwa pakè byenvini w la, nou pral chwazi youn pou ou.
- Chak manm fanmi an ka genyen yon PCP diferan, oswa w ka chwazi yon PCP pou pran swen tout fanmi an. Yon pedyat ap pran swen timoun. Yon medsen fanmi ap trete tout fanmi an. Doktè medsin entèn yo trete granmoun. Ou ka chwazi resevwa sèvis PCP pa mwayen yon klinik sante konpòtman tou. Sèvis Manm (800.303.9626) ka verifye pou wè si w gen yon PCP déjà oswa li ka ede w chwazi yon PCP.
- Ou ka ale nan Anyè Founisè w la sou entènèt sou metroplus.org. Anyè Founisè yo bay lis tout doktè, klinik, lopital, laboratwa ak lòt moun ki travay ak MetroPlusHealth. Li bay adrès, telefòn ak fòmasyon espesyal doktè yo. Anyè founisè a pral montre ki doktè ak founisè k ap pran nouvo pasyan. Ou ta dwe rele biwo yo pou asire w y ap pran nouvo pasyan nan lè w chwazi yon PCP. Ou ka mande yon kopi Anyè Founisè a tou pou Rejyon kote w ap viv la oswa pou Rejyon kote w vle wè yon founisè sou sit entènèt MetroPlusHealth la, metroplus.org, oswa si w rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Ou ka vle jwenn yon doktè:

- ou te wè anvan sa a,
 - ki konprann pwoblèm sante w yo,
 - k ap pran nouvo pasyan,
 - ki ka ba w sèvis nan lang pa w, oswa
 - ki fasil pou w ale kote li.
- Fanm yo ka chwazi youn nan doktè OB/GYN nou yo tou ki pou jere swen sante fanm. Fanm pa bezwen yon rekòmandasyon PCP pou wè yon doktè OB/GYN. Yo ka fè konsiltasyon jeneral (de fwa nan yon ane), swen suivi si sa a nesesè, ak swen nòmal pandan gwo sès.
 - Nou gen kontra tou ak plizyè Sant Sante Kalifye sou Plan Federal (FQHC, Federally Qualified Health Centers). Tout FQHC yo bay swen bazik ak swen espesyalize. Kèk

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Kliyan vle pou yo pran swen yo nan FQHC yo paske sant yo gen yon istwa nan katye a pandan lontan. Petèt ou vle eseye yo paske li fasil pou w ale nan yo. Ou dwe konnen w gen yon chwa. Ou ka chwazi nenpòt nan founisè ki nan anyè nou an oswa w ka anrejistre ak yon doktè jeneralis nan youn nan FQHC yo ki travay avèk nou, ki nan lis pi ba a. Jis Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou asistans.

Ou ka jwenn yon lis FQHC ki disponib nan Anyè Founisè w la.

- Nan prèske tout ka, doktè w yo pral founisè MetroPlusHealth yo. **Gen kat ka kote w ka wè kanmenm yon lòt founisè w te genyen anvan w antre nan MetroPlusHealth.** Nan ka sa yo, founisè w la dwe dakò kolabore avèk MetroPlusHealth. Ou ka kontinye wè doktè w la si:
 - Ou ansent lè w antre nan MetroPlusHealth epi w ap resevwa swen anvan akouchman. Nan ka sa a, ou kapab kenbe doktè w lan jis apre w fin akouche jis rive lè w ap pran swen apre akouchman. Swen apre akouchman kontinye jiska 12 semèn apre akouchman an.
 - Nan moman w antre nan MetroPlusHealth la, ou gen yon maladi oswa yon pwoblèm ki menase lavi w ki vin pi grav toutotan tan an ap pase. Nan ka sa a, ou kapab mande konsève founisè w la pou jiska 60 jou.
 - Nan moman w antre nan MetroPlusHealth la, Medicaid nòmal la te peye pou swen adomisil ou epi w dwe kontinye resevwa swen sa a pou pi piti 120 jou. Nan ka sa a, ou ka konsève menm ajans swen adomisil la, enfimyè oswa gad malad ou a e menm kantite swen adomisil la, pou pi piti 90 jou.
 - Nan moman w antre nan MetroPlusHealth la, y ap trete w pou yon pwoblèm sante konpòtmantal. Nan pifò ka yo, ou ka toujou ale lakay menm founisè a. Gen moun ki ka oblige chwazi yon founisè ki travay avèk plan sante a. Li enpòtan pou pale ak founisè w la sou chanjman sa a. MetroPlusHealth pral travay avèk ou ansanm avèk founisè w la pou asire l ou resevwa swen w bezwen an.
- Si w gen yon maladi k ap dire lontan, tankou VIH/SIDA oswa lòt pwoblèm sante pandan yon bon bout tan, ou ka **chwazi yon espesyalis pou sèvi kòm PCP w.** Ou menm oswa founisè w la ka kontakte Sèvis Manm la ak demann sa a, ki pral egzamine epi apwouve l sou baz analiz chak ka an patikilye.
- Manm yo ka chwazi resevwa sèvis PCP ki nan yon klinik sante konpòtman tou.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Si w bezwen fè sa a, ou ka **chanje PCP w la** nan 30 premye jou yo apre premye randevou w ak PCP w la. Apre sa a, ou ka chanje li yon fwa chak sis mwa san motif, oswa pi souvan si w gen yon bon rezon. Ou ka chanje OB/GYN oswa yon espesyalis PCP a te refere w la.
- Si **founisè w la kite MetroPlusHealth**, n ap fè w konnen sa a nan lespas 15 jou apre nou vin konn sa a. Si w vle, ou ka anmezi pou wè founisè sa a si 1) ou ansent lè w rantre nan MetroPlusHealth epi w ap resevwa swen apre akouchman, oswa 2) w ap resevwa tretman san rete pou yon pwoblèm. Dabò, ou kapab kenbe doktè w lan jis apre w fin akouche jis rive lè w ap pran swen apre akouchman. Nan dezyèm ka a, ou ka kontinye tretman aktyèl ou a pou jiska 90 jou. Doktè w la dwe dakò travay ak MetroPlusHealth pandan peryòd sa a.
- Si nenpòt nan kondisyon sa yo konsène w, verifye avèk PCP w la oswa rele Sèvis Manm lan nan 800.303.9626.

KIJAN POU W JWENN SWEN SANTE NÒMAL

- Swen sante nòmal vle di egzamen, konsiltasyon nòmal, piki oswa lòt tretman pou rete ansante, ba w konsèy lè w bezwen epi rekòmande w nan lopital ak espesyalis lè w bezwen. Sa a vle di ou menm ak PCP w la ap travay ansanm pou rete ansante oswa pou asire w jwenn swen w bezwen an.
- Lajounen kou lannwit, sèl sa w dwe fè se rele PCP ou a nan telefòn. Asire w rele PCP w lan nenpòt lè w gen yon kesyon oubyen pwoblèm medikal. Si w rele apre lè biwo oswa nan wikkens, kite yon mesaj ak ki kote oswa kijan yo ka rive jwenn ou. PCP w la ap tounen rele w byen vit nan mezi ki posib. Sonje byen, PCP w lan konnen w epi li konnen kijan plan sante a mache.
- Swen w lan dwe **nesesè sou plan medikal**. Sèvis w ap resevwa yo dwe nesesè:
 1. pou prevni, oswa pou fè dyagnostik ak korije sa a ki ta ka lakòz plis soufrans;
 2. pou jere yon danje pou lavi w;
 3. pou fè fas ak yon pwoblèm ki ta ka lakòz maladi; oswa
 4. pou fè fas ak yon bagay ki ta ka mete limit nan aktivite nòmal ou yo.
- PCP w la pral okipe piò nan bezwen swen sante w yo, men w dwe gen yon randevou pou wè ak PCP a. Si sa a rive w pa ka respekte yon randevou, rele PCP w la pou fè l konnen sa a.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Depi w chwazi yon PCP, rele pou w pran yon premye randevou. Si w kapab, prepare w pou premye randevou w la. PCP w la pral bezwen konnen tout sa a w ka di li sou istwa medikal ou. Fè yon lis sou istwa medikal ou, tout pwoblèm ou gen kounye a, nenpòt medikaman w ap pran, ak kesyon ou vle poze PCP w lan. Nan pifò ka, pwemye vizit ou ta dwe nan lespas twa mmwa apre ou fin antre nan plan an.
- **Si w bezwen swen anvan premye randevou a**, rele biwo PCP w lan pou eksplike pwoblèm ou an. L ap ba w yon randevou pi bonè pou pwoblèm lan. Ou dwe kenbe premye randevou w la kanmenm pou pale sou istwa medikal ou ak pou poze kesyon.
- Sèvi ak lis annapre a kòm yon **gid randevou pou limit nou yo sou konbyen tan ou ka oblige tann apre ou fin mande yon randevou:**
 - egzamen fizik debaz ak òdinè pou adilt: nan lespas 12 semèn
 - swen ijan: nan lespas 24 èdtan
 - vizit maladi ki pa ijan: nan lespas 3 jou
 - swen òdinè, preventif: nan lespas 4 semèn
 - vizit swivi apre vizit ER sante mantal/italizasyon sibstans oswa pasyan ki entène: 5 jou
 - vizit pou sante mantal ki pa ijan oswa pou konsomasyon dwòg: 1 semèn.
- Sèvi ak lis annapre a kòm yon **gid randevou pou limit nou yo sou konbyen tan w ka oblige tann apre w fin mande yon randevou:**
 - premye trimès: vizit la dwe fèt nan lespas 3 semèn apre demann pou swen an
 - dezyèm trimès: vizit la dwe fèt nan lespas 2 semèn apre demann pou swen an
 - twazyèm trimès: vizit la dwe fèt nan lespas 1 semèn apre demann pou swen an
 - vizit ak tibebe a: nan lespas 2 semenn apre w kite lopital la
 - premye planifikasyon familyal vizit la dwe fèt nan lespas 2 semèn apre demann pou swen an
 - pou referans espesyalis ak zafè ijans pandan gwosès:
 - rekòmandasyon espesyalis an ijans yo dwe wè yo depi doktè fin preskri yo, pou yo pa depase 72 èdtan
 - rekòmandasyon espesyalis ki pa an ijans yo dwe wè yo depi doktè fin preskri yo, pou yo pa depase 2 oswa 4 semèn apati lè yo te fè demann nan

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- pou zafè ki pa ijan, men ki ijan, nou dwe wè moun ki ansent yo nan espas 24 èdtan apre demann pou swen.

FASON POU W JWENN SWEN ESPESYALIS - REKÒMANDASYON

- Si w bezwen swen PCP w la pa ka bay, l ap REFERE w bay yon espesyalis ki ka bay swen yo. Si PCP w la refere w yon lòt doktè, n ap peye pou swen w lan. Pifò nan espesyalis sa yo se founisè MetroPlusHealth yo ye. Pale ak PCP w lan pou asire ou konnen kijan referans yo fonksyone.
- Si w panse espesyalis la pa satisfè bezwen ou yo, pale ak PCP w lan. PCP w la ka ede w si w bezwen wè yon lòt espesyalis.
- Gen kèk tretman ak sèvis PCP w lan dwe mande MetroPlusHealth apwouve *anvan* pou w anmezi jwenn yo. PCP w lan pral kapab di w kisa yo ye.
- Si w gen pwoblèm pou jwenn yon referans ou panse w bezwen, kontakte Sèvis Manm nan 800.303.9626.
- Si nou pa gen yon espesyalis nan rezo founisè nou yo ki ka ba w swen ou bezwen yo, nou pral fè ou jwenn swen ou bezwen yo nan men yon espesyalis andeyò plan nou an. Yo rele sa a **referans an deyò rezo a**. PCP w lan oswa founisè w nan plan an dwe mande MetroPlusHealth apwobasyon *anvan* pou w anmezi pou jwenn yon referans an deyò rezo. Si PCP w lan oswa founisè w nan plan an refere w ba yon founisè ki pa nan rezo nou an, ou pa responsab okenn nan depans yo sof nenpòt kopeman jan li dekri nan manyèl sa a.
- Pou l jwenn referans lan, doktè w la dwe ba nou kèk enfòmasyon. Depi nou jwenn tout enfòmasyon sa yo, nou pral deside nan espas 1-3 jou ouvrab si w ka wè espesyalis ki pa nan rezo a. Men, nou p ap janm pran plis pase 14 jou apati dat nou resevwa demann nan pou nou pran desizyon sa a. Ou menm oswa doktè w la ka mande yon revizyon rapid si doktè w la santi yon reta pral lakòz domaj grav pou sante w. Nan ka sa a, n ap deside e n ap rekontakte w nan 1-3 jou ouvrab. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon demann ou an, tanpri rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.
 - Pafwa nou gen dwa pa apwouve yon referans ki pa nan rezo a paske nou gen yon founisè nan MetroPlusHealth ki ka trete w. Si w panse founisè plan nou an pa gen yon bon fòmasyon oswa eksperyans pou trete w, ou ka mande

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

nou verifye si referans andeyò rezo w la nesesè sou plan medikal. Ou pral gen pou mande yon **Plan Apèl**. Gade nan Paj 49 pou jwenn kijan.

- Pafwa, nou gen dwa pa apwouve yon referans andeyò rezo pou yon tretman espesifik paske w te mande swen ki pa vrèman diferan ak sa a w ka jwenn nan men founisè MetroPlusHealth. Ou ka mande nou verifye si referans andeyò rezo w la pou tretman w vle a nesesè sou plan medikal. Ou pral gen pou mande yon **Plan Apèl**. Gade nan Paj 49 pou jwenn kijan.
- Si w bezwen wè yon espesyalis pou swen tout tan, PCP w la gen dwa anmezi refere w pou yon kantite vizit oswa yon kantite tan byen espesifik (yon **referans pèmanan**). Si w gen yon referans pèmanan, ou p ap bezwen yon nouvo referans chak fwa w bezwen swen.
- *Si w gen yon maladi sou yon bon bout tan oswa yon maladi ki rann ou enfim k ap vin pi mal*, PCP w la gen dwa anmezi fè aranjman pou:
 - espesyalis ou an aji kòm PCP ou a; oswa
 - yon referans nan yon sant swen ki espesyalize nan tretman maladi w la.

Ou ka rele Sèvis Manm yo nan 800.303.9626 pou ede w jwenn aksè ak yon sant swen espesyalize.

RESEVVWA SÈVIS SA YO NAN PLAN NOU AN SAN YON REFERANS

Swen Sante pou Fanm

Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w lanpou wè youn nan founisè nou yo si:

- ou ansent,
- ou bezwen sèvis OB/GYN,
- ou bezwen sèvis planin familyal,
- ou vle wè yon fanmsaj,
- ou bezwen fè yon egzamen tete oswa basen.

Planin Familyal

- Ou ka jwenn sèvis planin familyal annapre la yo: konsèy sou kontwòl nesans, preskripsyon kontwòl nesans, kapòt pou gason ak pou fanm, tès gwosè, esterilizasyon oswa yon avòtman. Pandan vizit ou pou bagay sa yo, ou ka jwenn tès tou pou enfeksyon seksyèlman transmisib, yon egzamen pou kansè nan tete oswa yon egzamen jinekolojik.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la pou w jwenn sèvis sa yo. Anfèt, ou ka chwazi ki kote pou w jwenn sèvis sa yo. Ou kapab sèvi ak kat ID MetroPlusHealth ou an pou wè youn nan founisè planin familyal nou yo. Tcheke nan Ànyè Founisè plan an oswa rele Sèvis Manm pou resevwa èd pou jwenn yon founisè.
- Oswa w ka itilize Kat Medicaid ou si w vle ale lakay yon doktè oswa nan yon klinik ki pa nan plan nou an. Mande PCP w la oswa Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou yo ba w yon lis kote w ka ale pou w jwenn sèvis sa yo. Ou ka rele tou Sèvis Asistans nan Telefòn Growing Up Healthy Eta Nouyòk la nan (800.522.5006) pou w jwenn non founisè planin familyal ki toupre w.

Depistaj VIH ak enfeksyon moun trape nan fè sèks (IST, an kreyòl ayisyen)

Tout moun dwe konnen eta VIH yo. Depistaj VIH ak enfeksyon moun trape nan fè sèks (IST, an kreyòl ayisyen) yo fè pati swen sante nòmal ou.

- Ou ka jwenn yon tès pou VIH oswa IST nenpòt lè w fè yon vizit nan yon biwo oswa yon klinik.
- Ou ka jwenn yon tès pou VIH oswa IST nenpòt lè w pran sèvis planin familyal yo. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w (Founisè Swen Prensipal). Annik pran yon randevou avèk nenpòt founisè planin familyal. Si w vle yon tès sida (VIH) oswa maladi moun pran nan fè sèks (IST), men *ki pa nan yon sèvis planin familyal*, PCP w la ka bay fè l pou ou oswa fè aranjman pou w fè l.
- Osinon, si w ta pito pa wè youn nan founisè MetroPlusHealth nou yo, ou ka sèvi ak kat Medicaid ou an pou wè yon founisè planin familyal andeyò MetroPlusHealth. Pou ede w jwenn swa yon founisè Plan an oswa yon founisè Medicaid pou sèvis planin familyal, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.
- Tout moun dwe pale ak doktè yo konsènan fè yon tès pou VIH. Pou w fè tès VIH gratis oswa tès kote pou pa bay non w, rele 800.541.AIDS (Anglè) oswa 800.233.SIDA (Espanyòl).

Gen nan tès yo ki "tès rapid" epi rezulta yo pare pandan w ap tann. Founisè ki fè tès la pral esplike rezulta yo, epi fè aranjman pou suivi fèt pou swen si sa a nesesè. Ou pral aprann tou kijan pou w pwoteje patnè w. Si tès ou an negatif, nou ka ede w aprann pou sa a pa chanje.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Swen Je

Avantaj ki kouvri yo se sèvis ki nesesè kay yon òftalmològ, optometris ak yon distribitè oftalmik, epitou se yon egzamen je ak yon linèt, si sa a nesesè. An jeneral, ou ka jwenn sa yo yon fwa chak dezan, oswa pi souvan si sa a nesesè medikalman. Manm ki gen dyagnostik dyabèt ka refere pwòp tèt yo pou yon egzamen je dilate (retin) yon fwa nan nenpòt peryòd 12 mwa. Ou dwe chwazi youn nan founisè ki kolabore ak nou yo.

Anjeneral, yo founi chak dezan nouvo linèt, avèk monti Medicaid apwouve. Yo ka kòmande nouvo lantiy pi souvan, si, pa egzanp, vizyon w chanje plis pase yon demi diyoptri. Si w kraze linèt ou, ou ka fè repare I. Linèt ki pèdi oswa linèt kraze ki pa ka repare, y ap ranplase yo ak menm preskripsyon an ak menm estil monti. Si w bezwen wè yon espesyalis je pou swen yon maladi je oswa defòmasyon, PCP w pral refere w.

Sante Konpòtman – (Sante Mantal ak Konsomasyon Dwòg)

Nou vle ede w jwenn sèvis ou gen dwa bezwen pou sante mantal ak pou pwoblèm itilizasyon sibstans. Si nenpòt lè w panse w bezwen èd pou sante mantal oswa itilizasyon sibstans, ou ka wè nenpòt founisè sante konpòtmantal nan rezo nou an pou wè ki sèvis ou gen dwa bezwen. Sa a gen ladan sèvis tankou sèvis klinik ak sèvis dezentoksikasyon. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la.

Sispann Fimen

Ou ka jwenn medikaman, founiti ak konsèy si w vle èd pou kite fimen. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la pou w jwenn sèvis sa yo.

Depistaj Depresyon Kay Manman

Si w ansent oswa w apenn sot fè yon tibebe epi w panse w bezwen èd pou depresyon, ou ka jwenn yon depistaj pou wè ki sèvis ou gen dwa bezwen. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la. Ou ka jwenn yon depistaj pou depresyon pandan gwosès ak pou jiska yon ane apre akouchman.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

IJANS

Y ap toujou gen asirans pou ijans. Yon ijans vle di yon pwoblèm medikal oswa pwoblèm konpòtman:

- ki vini toudenkou, epi
- ki gen doulè oswa lòt sentòm.

Yon ijans ta fè yon moun ki gen yon konesans mwayèn pè pou yo, oswa yon moun, pral soufri domaj grav si li pa jwenn swen touswit.

Men kèk egzanp sou ijans:

- yon kriz kadyak oswa doulè grav nan pwatrin
- emoraji ki pa vle sispann
- yon move kè boule
- zo kase
- pwoblèm pou respire, gwo tranbleman oswa pèt konesans
- lè w santi w ka fè tèt ou mal oswa fè lòt moun mal
- si w ansent epi w gen siy tankou doulè, senyen, lafyèv oswa vomisman
- ovèdòz medikaman

Men kèk egzanp ki **pa ijans**:

- rim
- mal gòj
- gwo doulè nan vant
- ti blese ak ematom
- misk foule

Epitou, sa ki pa ijans yo gen dwa pwoblèm fanmi, kraze renmen oswa vle pran alkòl oswa lòt dwòg. Ou gen dwa santi sa yo tankou se ijans, men yo pa reprezante yon rezon pou ale nan sèvis dijans.

Si w gen yon ijans, men kisa pou w fè:

Si w panse ou gen yon **ijans**, rele 911 oswa ale nan sal ijans la. Ou pa bezwen plan w yo oswa apwobasyon PCP w la anvan w jwenn swen ijans, e w pa oblige itilize lopital ak doktè nou yo.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- **Si w pa fin sèten, rele PCP w la oswa MetroPlusHealth.**

Di moun ou pale ak li a kisa ki rive. PCP w la oswa reprezantan Sèvis Manm lan pral:

- di w kisa pou w fè lakay ou,
- di pou w vini nan biwo PCP a, oswa
- di pou w ale nan sal dijans ki pi pre w la.

- **Si w andeyò zòn nan lè w gen yon ijans:**

- Ale nan sal dijans ki pi pre w la. Si w egzeyate nan sal ijans lan avèk preskripsyon, ou dwe al pran yo nan yon famasi NYRx ki enskri nan Medicaid.

Sèvis Manm:

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

800.303.9626 (TTY: 711)

866.728.1885

Sonje

**Ou pa bezwen apwobasyon anvan pou sèvis ijans.
Sèvi ak sal dijans sèlman si w gen yon Ijans.**

Ou PA dwe itilize sal ijans la pou pwoblèm tankou grip, gòj fè mal oswa enfeksyon je.

Si w gen kesyon, rele PCP w la oswa MetroPlusHealth nan 800.303.9626.

SWEN IJAN

Ou ka gen yon blesi oswa yon maladi ki pa yon ijans men w bezwen swen touswit kanmenm.

- Sa a ka yon timoun ki gen zòrèy fè mal ki leve nan mitan lannwit epi ki pa sispann kriye.
- Sa a kapab grip oswa si w bezwen pwen kouti.
- Li ka yon cheviy foule, oswa yon move ti moso bwa ou pa ka retire.

Ou ka jwenn yon randevou pou yon vizit swen ijan nan memm jou a oswa nan demen. Si w lakay ou oswa w nan deplasman, rele PCP w la nenpòt lè, lajounen tankou lannwit. Si w paka rive jwenn PCP w la, rele nou nan 800.303.9626. Di moun ki reponn ou an kisa ki rive. Yo pral di w kisa pou w fè.

Swen Deyò Etazini

Si w vwayaje deyò Etazini, ou ka jwenn swen ijan ak swen dijans sèlman nan Distri Columbia, Pòtoriko, Zil Vyèj, Guam, Northern Mariana Islands ak American Samoa. Si w bezwen swen medikal pandan w nan yon lòt peyi (Kanada ak Meksik ladan l tou), w ap gen pou w peye pou li.

NOU VLE KENBE W AN SANTE

Anplis verifikasyon regilye yo ak vaksen ou menm ak fanmi w bezwen, men kèk lòt fason pou rete an sante:

- Klas pou kite fimen
- Swen ak nitrisyon anvan akouchman
- Sipò pou chagren/dèy
- Bay tete ak swen tibebe

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Jesyon strès
- Jere pwa
- Kontwòl kolestewòl
- Konsèy sou dyabèt ak fòmasyon pou jere I pou kont ou
- Konsèy sou opresyon ak fòmasyon pou jere I pou kont ou
- Tès pou Enfeksyon Seksyèlman Transmisib (IST, an kreyòl ayisyen) ak Fason pou Pwoteje Tèt ou kont IST
- Sèvis vyolans domestik
- Fòmasyon pou ou menm ak fanmi w

Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 oswa ale sou sit entènèt nou an nan metroplus.org pou jwenn plis enfòmasyon ak pou jwenn yon lis klas ki gen pou fèt.

Sèvis Manm:
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

800.303.9626 (TTY: 711)
866.728.1885

PATI II: AVANTAJ OU YO AK PWOSEDI PLAN AN

Rès manyèl sa a se pou enfòmasyon ou lè w bezwen sa a. Li bay lis sèvis ki kouvri ak sa ki pa kouvri yo. Si w gen yon plent, manyèl la di w kisa w dwe fè. Manyèl la gen lòt enfòmasyon w ka jwenn ki itil. Kenbe manyèl sa a sou la men pou lè w bezwen li.

BENEFIS YO

Medicaid Managed Care bay yon kantite sèvis ou ka jwenn anplis sa w jwenn ak Medicaid regilye a. MetroPlusHealth ap bay pifò sèvis ou pral bezwen yo oswa fè aranjman pou w jwenn yo. Men, ou ka jwenn kèk sèvis, san w pa pase pa PCP w la. Sèvis sa yo gen ladan swen dijans; planin familyal/tès VIH ak sipò sikolojik; ak sèvis referans pwòp tèt ou byen espesifik, ki enkli sa yo ou ka jwenn anndan MetroPlusHealth ak kèk ou ka chwazi pran nan men nenpòt founisè Medicaid ki bay sèvis la. Tanpri rele depatman Sèvis Manm nou an nan 800.303.9626. Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen asistans pou nenpòt nan sèvis yo ki anba la a.

SEVIS KI KOUVRI NAN METROPLUSHEALTH

Ou dwe jwenn sèvis sa yo nan men founisè ki nan MetroPlusHealth. Tout sèvis yo dwe nesesè sou plan medikal oswa klinik, epi se PCP w la (founisè swen prensipal) ki ba w yo oswa refere w pou yo. Tanpri rele depatman Sèvis Manm nou an nan 800.303.9626. Si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen asistans pou nenpòt nan sèvis yo ki anba la a.

Swen Medikal Regilye

- vizit nan biwo PCP w la
- referans kay espesyalis
- egzamen je/zòrèy

Swen Prevansyon

- swen tibebe
- swen timoun
- verifikasiyon regilye
- piki pou timoun depi lè yo fèt ak lè yo nan anfans yo
- rive jwenn sèvis Depistaj Bonè ak Tanzantan, Dyagnostik ak Tretman (EPSDT) pou manm depi lè yo fèt rive laj 21 lane
- konsèy pou kite fimen
- aksè pou jwenn zegwi ak sereng gratis
- Edikasyon sou VIH ak pou diminye risk

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Swen Manman

- swen pou gwo sès
- sèvis doktè/fanm saj ak lopital
- swen gadri pou tibebe
- depistaj pou depresyon pandan gwo sès ak jiska yon ane apre akouchman

Swen sante adomisil

- Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth ki dwe organize I
 - yon vizit sante adomisil apre akouchman ki nesesè sou plan medikal, vizit anplis si yo nesesè sou plan medikal pou fanm ki gen anpil risk yo
 - pou pi piti 2 vizit pou tibebe ki pi ekspoze yo (bebe ki fenk fèt)
 - lòt vizit swen sante adomisil lè yo nesesè epi jan PCP w/espesyalis bay lòd pou yo.

Swen pèsonèl/Gad malad/Sèvis Pwogram Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije (CDPAS)

- Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth ki dwe organize I
 - Swen pèsonèl/Èd adomisil - Èd pou benyen, abiye ak manje epi ede prepare manje ak fè travay nan kay.
 - CDPAS – Èd pou benyen, abiye ak manje, ak pou prepare manje ak fè antretien kay, plis èd sante ak swen enfimye adomisil. Se yon asistan yo chwazi ki bay èd sa a epi se ou k ap dirije li
 - Si w vle plis enfòmasyon, kontakte MetroPlusHealth nan 800.303.9626

Sistèm Repons Ka Ijans Pèsonèl (PERS, Personal Emergency Response System)

- Se yon bagay ou gen sou ou sizoka w gen yon ijans.
- Pou kalifye epi pou w jwenn sèvis sa a, ou dwe ap resevwa sèvis swen pèsonèl/gad malad oswa CDPAS.

Sèvis Swen Sante Lajounen pou Moun ki gen laj

- Se Founisè Swen Prensipal ou an (PCP) ki dwe rekòmande yo.
- Ofri edikasyon sou sante, nitrisyon, swen enfimyè ak sosyal, èd pou aktivite lavi chak jou, terapi reyadaptasyon, sèvis famasi, plis referans pou swen dan ak lòt swen espesyalis.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Sèvis Swen Sante Lajounen pou Moun ki gen SIDA

- Se Founisè Swen Prensipal ou an (PCP) ki dwe rekòmande yo.
- Bay swen medikal ak enfimye jeneral, sèvis sipò pou konsomasyon dwòg, sèvis sipò pou sante mantal, sèvis nitrisyon, plis aktivite sosyalizasyon, rekreyasyon ak pwomosyon byennèt/sante.

Tretman pou Tibèkiloz (TB)

- Sa a se pou ede w pran medikaman w pou TB epi pou swen suivi.

Swen pou moun ki pa rete anpil jou

- Hospice ede pasyan ak fanmi yo ak bezwen espesyal yo pandan etap final maladi a oswa lanmò.
- Dwe nesesè medikalman epi MetroPlusHealth ki dwe òganize l.
- Ofri sèvis sipò ak kèk sèvis medikal pou pasyan ki malad epi ki sipoze viv yon ane oswa mwens.
- Ou ka jwenn sèvis sa yo lakay ou oswa nan yon lopital oubyen mezon retrèt.

Timoun ki pokò gen venteyen (21) k ap resevwa sèvis swen palyatif yo ka jwenn sèvis gerizon ak swen palyatif.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan avantaj sa a, ou kapab rele Depatman Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Swen pou Dan

MetroPlusHealth kwè li enpòtan pou swen sante w an jeneral pou founi w bon swen pou dan. Nou ofri swen dan gras ak yon kontra avèk DentaQuest, yon espè nan bay sèvis swen dan kalite siperyè; oswa nou ofri swen dan gras ak yon kontra avèk dantis endividiyèl ki se espè nan bay sèvis dan kalite siperyè. Sèvis ki garanti yo gen sèvis dan regilye ak woutin tankou:

- verifikasyon dan kòm prevansyon
- netwayaj
- radyografi
- blonbaj
- ak lòt sèvis pou verifye pou nenpòt chanjman oswa pwoblèm ki mande tretman ak/oswa suivi swen pou ou.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Nan kèk sikontans, MetroPlusHealth ka kouvri sèvis adisyonèl, tankou:

- danti
- enplan
- kouwòn
- tretman kanal

Ou pa bezwen yon referans nan men PCP wmla pou w wè yon dantis!

Kijan pou w jwenn sèvis swen dan

Ou dwe chwazi yon dantis swen prensipal. MetroPlusHealth siyen kontra ak DentaQuest pou l bay sèvis pou dan yo. DentaQuest gen dantis ki kolabore ak li ki espesyalize nan swen jeneral nan dan, swen dan nan pedyatri, operasyon nan bouch ak maladi nan jansiv. Rele DentaQuest nan 844.284.8819 pou w chwazi yon dantis ki bay swen jeneral. Ou ka jwenn sou entènèt yon lis dantis k ap kolabore yo nan metroplus.org oswa ou ka rele Sèvis Manm MetroPlusHealth nan 800.303.9626 pou w mande. Si w pa chwazi yon dantis, yo pral chwazi youn pou ou. Ou ka toujou chanje dantis ou an. Rele dantis ou konsilte nan moman an pou w mande l si l gen kontra ak DentaQuest.

- Si w bezwen jwenn yon dantis oswa chanje dantis ou, tanpri rele DentaQuest nan 844.284.8819 oswa tanpri, rele MetroPlusHealth Enhanced nan 800.303.9626. Reprezantan Sèvis Manm yo la pou ede w. Anpil nan yo pale lang ou a oswa yo gen kontra avèk Sèvis Lang nan Telefòn.
- Montre kat ID Manm ou a pou w ka jwenn avantaj pou dan yo Ou pa pral resevwa yon kat ID pou dan apa. Lè w ale kay dantis ou a, ou ta dwe prezante kat ID plan w lan.

Ou ka ale tou nan yon klinik ki dirije pa yon sant dan akademik san referans.

Swen pou Ranje Dan

MetroPlusHealth pral kouvri aparèy dantè pou timoun jiska laj 21 lane ki gen yon pwoblèm grav ak dan yo tankou, pa ka kraze manje akòz dan mal aliyen, fant nan palèt, bouch fann.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Swen Je

- Sèvis yon oftalmològ, founisè gout pou je ak optometris, ak kouvèti pou vè kontak, lantiy an polikabonat, je atifisyèl, ak/oswa ranplasman linèt ki pèdi oswa kraze, san blye reparasyon, lè sa a nesesè sou plan medikal. Zye atifisyèl yo gen asirans si se yon founisè plan ki mande yo
- Egzamen je, an jeneral chak dezan, sof si yo pi souvan nesesè nan domèn medikal
- Linèt (nouvo monti Medicaid apwouve chak dezan, oswa pi souvan si yo nesesè sou plan medikal)
- Egzamen pou vizyon ki fèb ak èd pou wè dapre preskripsyon doktè w
- Referans kay espesyalis pou maladi oswa defòmasyon nan je
- Manm ki gen dyagnostik dyabèt ka refere pwòp tèt yo pou yon egzamen je dilate (retin) yon fwa nan chak peryòd 12 mwa.

Swen Lopital

- Swen pasyan ki entène
- Swen pou pasyan ekstèn
- Laboratwa, radyografi ak lòt tès nesesè

Swen Ijans

- Sèvis swen ijans yo se pwosedi, tretman oswa sèvis ki nesesè pou evalye oswa estabilize yon ijans.
- Apre w te resevwa swen ijans, ou ka bezwen lòt swen pou asire w rete nan yon eta ki estab. Toudepan bezwen w yo, yo ka trete w nan sal ijans la, nan yon chanm lopital pasyan entèn, oswa nan yon lòt anviwònman. Yo rele sa a **Sèvis apre estabilizasyon**.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ijans yo, gade nan Pati I.

Swen Espesyalize

Sa a gen ladan I sèvis lòt espesyalis, ki gen ladan I:

- terapi fizik
- terapi okipasyonèl ak lapawòl
- odyolojis
- fanm saj
- reyadaptasyon kadyak

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Swen nan Etablisman Swen Sante Rezidansyèl (Mezon Retrèt)

Sa a gen ladan I swen ki pa dire lontan, reyadaptasyon;

- yon doktè dwe bay òdonans la epi MetroPlusHealth dwe bay otorizasyon;
- sèvis mezon retrèt ki kouvri yo gen ladan I sipèvizon medikal, swen enfimyè 24 sou 24, èd ak aktivite lavi chak jou, terapi fizik, terapi okipasyonèl ak patoloji lapawòl-langaj.

Terapi reyadaptasyon:

MetroPlusHealth kouvri sejou oswa reyabilitasyon (ki rele tou "rehab, an anglè") ki kout nan yon etablisman mezon retrèt kalifye.

Sèvis Swen Alontèm:

MetroPlusHealth kouvri plasman alontèm nan yon etablisman mezon retrèt pou manm ki gen 21 lane oswa plis.

Plasman alontèm vle di w ap viv nan yon mezon retrèt.

Lè w kalifye pou yon plasman alontèm, ou ka chwazi youn nan mezon retrèt ki nan rezo MetroPlusHealth ki satisfè bezwen w yo. Rele nan 800.303.9626 pou w resevwa èd pou jwenn yon mezon retrèt ki nan rezo nou an.

Si w vle abite nan yon mezon retrèt ki pa fè pati rezo MetroPlusHealth, ou dwe transfere nan yon lòt plan ki gen mezon retrèt ou chwazi a nan rezo li a. Rele New York Medicaid Choice nan 800.505.5678 pou jwenn èd nan kesyon sou founisè mezon retrèt ak rezo plan yo.

Veteran ki kalifye yo, Mari oswa madanm Veteran ki kalifye yo, oswa Paran Veteran ki kalifye Gold Star yo ka chwazi rete nan yon mezon retrèt pou Veteran.

Si w se yon veteran ki kalifye, mari oswa madanm yon veteran ki kalifye, oswa yon paran Gold Star ki kalifye yon veteran ki kalifye, epi w vle abite nan kay yon veteran, n ap ede fè aranjman pou admisyon ou nan kay yon veteran nan rezo operasyon nou an. Si MetroPlusHealth pa gen yon kay veteran nan rezo operasyon nou an, ou ka transfere nan yon lòt Plan Medicaid Managed Care ki gen kay yon veteran nan rezo li a.

Detèmine kalifikasyon w pou Medicaid pou Sèvis Mezon retrèt alontèm

Ou dwe aplike nan Depatman Sèvis Sosyal Lokal ou (LDSS) pou fè Medicaid ak/oswa MetroPlusHealth peye pou sèvis mezon retrèt alontèm yo. LDSS pral revize revni w ak byen w pou detèmine kalifikasyon w pou Medicaid pou Sèvis Mezon retrèt alontèm LDSS a pral fè w konnen nenpòt frè w ka genyen pou w kontribye nan swen mezon

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

retrèt ou alontèm.

Resous Adisyonèl

Si w gen enkyetid konsènan swen mezon retrèt alontèm, w ap chwazi yon mezon retrèt, oswa efè sou finans ou, gen lòt resous pou ede w.

- Independent Consumer Advocacy Network (ICAN) bay asistans gratis epi konfidansyèl. Rele 844.614.8800, oswa ale nan icannys.org.
- Biwo Eta Nouyòk pou moun ki gen laj
 - Health Insurance Information, Counseling and Assistance Program (HIICAP) bay konsèy ak defans gratis sou kesyon asirans sante. Rele 800.701.0501.
 - NY CONNECTS se yon lyen pou sèvis ak sipò alontèm. Rele 800.342.9871, oswa ale nan nyconnects.ny.gov.
- Nursing Home Bill of Rights (NHBOR) dekri dwa ak responsabilite w tankou rezidan mezon retrèt. Pou plis detay sou NHBOR, ale nan health.ny.gov/facilities/nursing/rights/.

Swen sante konpòtmantal

Swen sante konpòtmantal yo gen ladan sèvis tretman ak reyadaptasyon pou sante mantal ak itilizasyon sibstans (alkòl ak dwòg). Tout manm nou yo gen aksè nan sèvis sante konpòtman, ki gen ladan:

Swen Sante Mantal pou Granmoun

- Sèvis Sikyatri
- Sèvis Sikoloji
- Tretman sante mantal pou moun ki entène ak pasyan ki pa entène.
- Enjeksyon pou kondisyon ki gen rapò avèk sante konpòtman
- Sèvis Reyabilitasyon si w nan yon kay komunitè oswa tretman familyal
- Sèvis ankadreman endividydèl e ki fèt an gwooup nan klinik Biwo Sante Mantal yo (OMH)

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Swen sante mantal pou granmoun ki pa entène

- Tretman Lajounen k ap Kontinye (CDT)
- Entène lopital pandan kèk jou (PH)

Swen sante mantal reyadaptasyon pou granmoun ki pa entène

- Swivi entansif nan kominate (ACT, Assertive Community Treatment)
Sèvis pèsonalize ki akse sou gerizon (PROS) **Sèvis Kriz Sante Mantal pou Granmoun**

- Pwogram Ijans Sikyatri Konplè (CPEP) ki gen ladann kabann obsèvasyon pwolonje
- Sèvis entèvansyon kriz
 - Sèvis Kriz Mobil ak Kriz Telefonik
- Pwogram pou Kriz nan kay:
 - Sipò pou Kriz nan kay: Sa a se yon pwogram pou moun ki gen laj 18 lane oswa plis ak sentòm detrès emosyonèl. Sentòm sa yo pa ka jere nan kay oswa nan kominate a san èd.
 - Rezidans Kriz Ki Grav Sa a se yon pwogram tretman pou moun ki gen laj 18 oswa plis ki gen gwo detrès emosyonèl.

Sèvis pou pwoblèm ki lye ak konsomasyon dwòg pou granmoun ki gen laj 21 lane oswa plis

- Sèvis kriz/Dezenktoksikasyon
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon ki Jere yon Fason Medikal
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Entène ki gen Sipèvizon Medikal
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Pa Entène ki gen Sipèvizon Medikal
- Sèvis Reyabilitasyon pou Pasyan ki Entène
- Sèvis nan Kay pou Tretman Adiksyon
 - Estabilizasyon
 - Reyadaptasyon
 - Reyentegrasyon
- Sèvis tretman adiksyon pasyan ki pa entène
 - Klinik pou Pasyan ki pa entène
 - Tretman Entansif pasyan ki pa entène
 - Sèvis Oksilyè Sevraj

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Tretman ak asistans medikal
 - Sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn
 - Pwogram Tretman Opyòd (OTP)
- Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza gras ak Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans la (OASAS) bay
 - MetroPlusHealth kouvri Tretman pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza gras ak Pwogram Sètifye Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans la (OASAS) bay.
 - Ou ka jwenn Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza:
 - konsiltasyon fasafas; oswa
 - atravè sante vityèl.
 - Si w bezwen Tretman Pou Andikap Ki gen Rapò ak Jwèt Aza, ou ka jwenn yo nan pwogram OASAS pou moun ki pa entène oubyen si sa a nesesè, yon pwogram OASAS pou moun ki entène oswa rezidansyèl.
 - Ou pa bezwen yon referans nan men Founisè Swen Prensipal ou (PCP) pou w jwenn sèvis sa yo. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè, tanpri rele sèvis manm MetroPlusHealth yo nan nimewo ki pi ba a 800.303.9626.

Sèvis Rediksyon Risk

Si w bezwen èd pou pwoblèm itilizasyon sibstans, Sèvis Rediksyon Risk yo ka ofri yon apwòch konplè ki fokis sou moun ki malad la pou sante w ak byennèt ou.

MetroPlusHealth kouvri sèvis ki ka ede redwi itilizasyon dwòg ak lòt risk ki gen rapò ak li. Sèvis sa yo gen ladan:

- Yon plan swen yon moun ki gen eksperyans nan travay ak itilizatè sibstans devlope.
- Konsèy Endividyièl ki bay sipò ki ede w reyalize objektif ou yo.
- Konsèy an gwoup konsèy nan yon espas sekirize pou pale ak lòt moun sou pwoblèm ki afekte sante ak byennèt ou.
- Konsèy pou ede w epi pran medikaman yo preskri w ak tretman yo kontinye bay yo.
- Sipò gwoup yo pou ede w pi byen konprann itilizasyon dwòg epi idantifye teknik pou fè fas ak li ak konpetans k ap mache pou ou.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY:711).

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Sèvis Sante Konpòtman pou timoun

MetroPlusHealth pral kouvri plis sèvis sante konpòtmantal pou timoun ak jèn. Ou ka sèvi avèk kat plan sante w pou jwenn sèvis sa yo.

MetroPlusHealth ka déjà kouvri kèk nan sèvis sa yo pou kèk timoun kalifye ki poko gen laj 21 lane.

Manm ki poko gen 21 lane ka jwenn sèvis ki gen rapò ak itilizasyon dwòg (yo bay nan Biwo Sèvis ak Èd pou Adiksyon):

- Sèvis kriz
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon ki Jere yon Fason Medikal
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Entène ki gen Sipèvizon Medikal
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Pa Entène ki gen Sipèvizon Medikal
- Sèvis Reyabilitasyon pou Pasyan ki Entène
- Sèvis nan Kay pou Tretman Adiksyon
 - Estabilizasyon
 - Reyadaptasyon
 - Reyentegrasyon
- Sèvis tretman adiksyon pasyan ki pa entène
 - Klinik pou Pasyan ki pa entène
 - Tretman Entansif pasyan ki pa entène
 - Sèvis Oksilyè Sevraj
 - Tretman ak asistans medikal
 - Sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn
 - Pwogram Tretman Opyòd (OTP)

MetroPlusHealth pral kouvri sèvis sa yo pou tout timoun ak jèn ki kalifye ki poko gen laj 21 lane, sa a gen ladan l moun sa yo:

- ki gen Revni Sekirite Siplementè (SSI);
- ki gen estati Federal Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (SSDI); oswa
- revizyon andikap medikal te deklare Eta New York te deklare yo se yon andikape sètifye.

Swen Sante Mantal Pou Timoun ki poko gen 21 lane

Tout timoun ki kalifye ki poko gen 21 lane.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Pwogram Ijans Sikyatri Konplè (CPEP) ki gen ladann kabann obsèvasyon pwolonje
- Entène lopital pandan kèk jou (PH)
- Sèvis sikyat pou moun ki entène lopital
- Sipò sikolojik endivididyèl ak an gwoup pa mwayen klinik OMH yo
- Tretman Fanmi ak Sèvis Sipò pou Timoun yo (CFTSS), gen ladan:
 - Lòt Praktisyen Lisansye (OLP).
 - Reyabilitasyon sikososyal (PSR)
 - Tretman ak Sipò Sikatrik nan Kominote (CPST)
 - Sèvis Sipò pou Fanmi (FPSS)
 - Entèvansyon Kriz (CI)
 - Sipò lòt Jèn yo (YPS)
- Sèvis Sikyatri
- Sèvis Sikoloji
- Piki pou pwoblèm ki gen rapò ak sante konpòtman
- Rezidans Kriz Timoun Sa a se yon pwogram sipò ak tretman pou moun ki poko gen 21 lane. Sèvis sa yo ede moun fè fas ak yon kriz emosyonèl epi retounen lakay yo ak nan kominote a.

Sèvis Sante Mantal pou Tout timoun ki kalifye ki poko gen 21 lane (Minimòm 18-20 lane):

- Swivi entansif nan kominote (ACT, Assertive Community Treatment)
- Tretman Lajounen k ap Kontinye (CDT)
- Sèvis Pèsonalize ki fokis sou Gerizon (PROS, Personalized Recovery Oriented Services)
- Pwogram pou Kriz nan kay:
 - Sipò pou Kriz nan kay. Sa a se yon pwogram pou moun ki gen laj 18 lane oswa plis ak sentòm detràs emosyonèl. Sentòm sa yo pa ka jere nan kay oswa nan kominote a san èd.
 - Rezidans Kriz Ki Grav. Sa a se yon pwogram tretman pou moun ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen gwo detràs emosyonèl.

Swen Sante Mantal Pou Timoun ki poko gen 21 lane

- Sèvis kriz/Dezenktoksikasyon
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon ki Jere yon Fason Medikal
 - Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Entène ki gen Sipèvizyon Medikal

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

- Sèvis Sevraj ak Estabilizasyon pou Moun ki Pa Entène ki gen Sipèvizon Medikal
- Sèvis Reyabilitasyon pou Pasyan ki Entène
- Sèvis nan Kay pou Tretman Adiksyon
 - Estabilizasyon
 - Reyadaptasyon
 - Reyentegrasyon
- Sèvis tretman adiksyon pasyan ki pa entène
 - Klinik pou Pasyan ki pa entène
 - Tretman Entansif pasyan ki pa entène
 - Sèvis Oksilyè Sevraj
 - Tretman ak Asistans Medikaman
 - Sèvis reyadaptasyon pou pasyan ekstèn
 - Pwogram Tretman Opyòd (OTP)

Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCBS)

Eta Nouyòk kouvri Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCPS) anba eksepsyon pou timoun nan. MetroPlusHealth pral kouvri HCBS timoun yo pou manm k ap patisipe nan eksepsyon timoun yo epi bay jesyon swen pou sèvis sa yo.

HCBS pou timoun ofri sèvis pèsonèl, fleksib pou reponn ak bezwen chak timoun/jèn. Se HCBS yo bay kote timoun / jèn yo ak fanmi yo pi konfòtab epi sipòte yo jan yo travay pou atenn objektif ak reyalizasyon yo.

Ki moun ki ka jwenn HCBS pou Timoun?

HCBS pou Timoun yo se pou timoun ak jèn moun ki:

- Bezwen plis swen ak sipò pou rete nan kay / nan kominote a
- Gen bezwen sante konplike, devlopman ak/oswa sante konpòtmantal
- Vle evite ale nan lopital oswa yon etablisman swen alontèm
- Ou kalifye pou HCBS epi patisipe nan Eksepsyon pou Timoun la

Manm yo ki pokò gen laj 21 ane pral ka resevwa sèvis sa yo nan plan sante yo:

- Adaptasyon Kominotè
- Adaptasyon Lajounen
- Sèvis Defans ak Sipò pou Moun ki Responsab la/Fanmi
- Sèvis anvan sèvis pwofesyonèl - *dwe gen 14 lane epi plis*

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Travay ki gen sipò - *dwe gen 14 lane epi plis*
- Sèvis Relèv (Relèv Planifye ak Relèv nan Ka Kriz)
- Swen pou trete sentòm sèlman
 - Terapi Ekspresyon
 - Terapi Masaj
 - Sèvis Dèy
 - Jesyon Doulè ak Sentòm
 - Transpò ki pa medikal

Manm ki gen mwens pase 21 lane ap gen aksè ak sèvis ki annapre yo pa mwayen kay sante yo deziyen lè I sèvi avèk kat Medicaid ou:

- Modifikasyon Anviwònman
- Modifikasyon Veyikil
- Teknoloji Adaptasyon ak Asistans

Timoun/jèn k ap patisipe nan eksepsyon timoun yo dwe resevwa jesyon swen. Jesyon Swen bay yon moun ki ka ede w jwenn epi genyen sèvis ki bon pou ou.

- Si w ap resevwa jesyon swen nan men yon Ajans Jesyon Swen (CMA), ou ka rete ak CMA ou. MetroPlusHealth ap travay avèk CMA w la pou ede w jwenn sèvis ou bezwen yo.
- Si w ap resevwa jesyon swen nan Sèvis Evalyasyon Timoun ak Jèn yo (C-YES), MetroPlusHealth pral travay avèk C-YES epi jere swen w.

Atik 29-I Sèvis Etablisman Sante Ajans Volontè pou Plasman Familyal (VFCA, Voluntary Foster Care)

MetroPlusHealth kouvrir Atik 29-I VFCA Sèvis Etablisman Sante pou timoun ak jèn moun ki pokonnan gen 21 lane.

29-I Etablisman Sante VFCA yo travay avèk timoun, jèn moun, ak fanmi pou ankouraje byennèt ak rezulta pozitif pou timoun nan swen yo. 29-I Etablisman Sante VFCA yo itilize pratik chòk yo konnen pou reponn ak bezwen inik chak timoun.

29-I Etablisman Sante VFCA yo ka sèvi sèlman timoun ak jèn moun distri a refere nan sèvis sosyal yo.

Sèvis 29-I Etablisman Sante VFCA yo gen ladan:

Sèvis bazik ki gen rapò ak limitasyon sante

1. Ranfòsman Konpetans
2. Jesyon medikaman ak swen enfimyè
3. Planifikasyon tretman Medicaid ak planifikasyon egzeyat

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

4. Sipèvizyon ak konsiltasyon klinik
5. Administrasyon/Lyezon Managed care

ak

Lòt ki gen rapò ak limitasyon sante

1. Tès depistaj, dyagnostik, ak sèvis tretman ki gen rapò ak sante fizik
2. Tès depistaj, dyagnostik, ak sèvis tretman ki gen rapò ak devlopman e kondisyon sante
3. Sèvis sipò e tretman pou fanmi ak timoun (CFTSS)
4. Sèvis adomisil ak nan Kominote a pou Timoun (HCBs)

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Jesyon Swen sante adomisil

MetroPlusHealth vle satisfè tout bezwen sante w yo. Si w gen plizyè pwoblèm sante, ou ka benefiye Jesyon swen Adomisil pou ede kowòdone tout sèvis sante w yo.

Yon Kowòdonatè Swen Sante Adomisil ka:

- Travay avèk PCP w la ak lòt founisè pou kowòdone tout swen sante w yo;
- Travay ansanm ak moun ou fè konfyans, pa egzanp manm fanmi w oswa zanmi, pou ede w planifye ak jwenn swen;
- Ede pou randevou ak PCP w la ak lòt founisè; epi
- Ede jere pwoblèm medikal alontèm tankou maladi sik, opresyon ak tansyon wo.

Kontakte Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou jwenn plis enfòmasyon sou Health Home.

Sèvis enfètilite

Si w pa kapab ansent, MetroPlusHealth kouvri sèvis ki ka ede.

MetroPlusHealth pral kouvri kèk medikaman pou enfètilite. Benefis sa a pral limite ak pwoteksyon pou 3 sik tretman pou tout lavi.

MetroPlusHealth pral kouvri kowòdinasyon swen ki gen rapò ak medikaman pou maladi enfètilite limite pwogram famasi Medicaid la kouvri. Benefis enfètilite a gen ladan l:

- Vizit Biwo
- Radyografi matris la ak tib tronp yo
- Ekografi pèlvís
- Tès san

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Kalifikasyon

Ou ka kalifye pou sèvis enfètilite si w satisfè kritè sa yo:

- Ou gen 21-34 lane epi w pa kapab ansent aprè 12 mwa w ap fè sèks regilyèman, san pwoteksyon.
- Ou gen 35-44 lane epi w pa kapab ansent aprè 6 mwa w ap fè sèks regilyèman, san pwoteksyon.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Pwogram Nasyonal Prevansyon Dyabèt (NDPP)

Si w gen risk pou devlope dyabèt tip 2 , Plan Sante MetroPlusHealth kouvri sèvis ki ka ede w.

MetroPlusHealth pral kouvri sèvis prevansyon dyabèt atravè Pwogram Nasyonal Prevansyon Dyabèt (NDPP). Benefis sa a pral kouvri 22 sesyon fòmasyon gwoup NDPP pandan 12 mwa.

Pwogram Nasyonal Prevansyon Dyabèt la se yon pwogram edikasyon ak sipò ki deziyen pou ede moun ki riske devlope dyabèt tip 2. Pwogram nan konsiste de sesyon fòmasyon gwoup ki konsantre sou alontèm efè pozitif, nan manje an sante ak fè egzèsis. Objektif chanjman fason moun viv sa yo gen ladan I pèt pwa ki pa anpil ak ogmantasyonaktivite fizik. Yo anseye sesyon NDPP yo avèk yon antrenè ki gen fòmasyon nan fason moun viv.

Kalifikasyon

Ou ka kalifye pou sèvis prevansyon dyabèt si w gen yon rekòmandasyon pa yon doktè oswa yon lòt pratisyen ki gen lisans epi yo se:

- Pou pi piti 18 lane,
- Pa ansent aktyèlman,
- Ki twò gwo, ak
- Ki pa t déjà dyagnostike ak dyabèt tip 1 oswa tip 2.

Epi, ou satisfè youn nan kritè sa yo:

- Ou te gen yon rezulta tès san nan seri predyabèt nan ane ki sot pase a, **oswa**
- Ou te déjà dyagnostike ak dyabèt jèstasyonèl, **oswa**
- Ou fè nòt 5 oswa pi wo sou CDC / American Diabetes Association (ADA) Tès Risk Predyabèt.

Pale ak doktè w la pou wè si w kalifye pou patisipe nan NDPP la.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

Transpòtasyon

Medicaid regilye a kouvri transpò ijan/ak oswa ki pa ijan. Pou w jwenn transpò ki pa ijan, ou menm oswa founisè w la dwe rele Medical Answering Services (MAS) nan 844.666.6270. Si sa a posib, ou menm oswa founisè w la dwe rele LogistiCare pou pi piti 3 jou anvan randevou medikal ou an epi bay nimewo idantifikasyon Medicaid ou a (pa egzanp AB12345C), dat ak lè randevou a, adrès kote w prale, ak doktè w ap wè a. Transpò ki pa ijan gen ladan I: machin pèsonèl, bis, taksi, anbilèt ak transpò piblik. Si w mande pou yon asistan ale avè w nan randevou doktè w la oswa si pitit ou a se manm MetroPlusHealth, transpòtasyon an kouvri tou pou asistan oswa paran osinon responsab la.

Si w gen yon ijans epi w bezwen yon anbilans, ou dwe rele 911.

Remak: Pou moun ki pa gen papye ki pa sitwayen ki gen 65 lane oswa plis, transpò ki pa ijans yo pa kouvri.

Sèvis Analiz Konpòtman Aplike (ABA)

MetroPlusHealth ap kouvri depans Terapi Analiz Konpòtman Aplike (Applied Behavior Analysis, ABA):

- Espesyalis nan domèn Konpòtmal lisansye (LBA) a fè, oswa
- Oubyen yon Asistan Espesyalis nan domèn Konpòtman (CBAA) anba sipèvizon yon LBA, oswa

Ki moun ki ka resevwa ABA?

Timoun/Jèn ki poco gen 21 lane ki gen yon kategori maladi otis ak/oswa Sendwom Rett. Si ou panse ou kalifye pou ou resevwa sèvis ABA yo, pale ak founisè w la konsènan sèvis sa a. MetroPlusHealth pral travay avèk ou ansanm avèk founisè w pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen an.

Sèvis ABA yo gen ladan:

- evalyasyon aktretman yon doktè fè, espesyalis konpòtman lisansye oswa asistan espesyalis konpòtman sètifye,
- tretman endividyle ou resevwa adomisil oubyen nan lòt anviwònman,
- tretman konpòtman an gwoup, ak
- fòmasyon e sipò pou fanmi ak moun k ap travay lakay la.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

Swen ak Sèvis ki gen rapò ak disfori sèks yo

MetroPlusHealth kouvri swen ak Sèvis ki gen rapò ak disfori sèks sa yo:

- Reyasignasyon Sèks (chanjman sèks) Operasyon, Sèvis ak Pwosedi,
- Retadatè Pibète (medikaman yo itilize pou retade efè pibète), ak
- Terapi òmòn chanjman sèks (medikaman òmòn yo itilize pou ede chanje sèks).

Kisa yon disfori sèks ye?

Disfori sèks se santiman malèz oswa detrès ki ka rive lè gen yon konfli ant sèks yo te ba w lè w te fèt la ak sèks ou idantifye w la.

Chiriji Reyasignasyon sèks

Anvan operasyon pou tretman disfori sèks, ou dwe:

- resevwa yon detèminasyon nesesite medikal nan men yon pwofesyonèl medikal ki kalifye,
- moun ki gen 18 lane oswa plis Manm ki poko gen 18 lane yo pral egzamine ka pa ka pou nesesite medikal epi yo dwe resevwa apwobasyon davans MetroPlusHealth, jan sa a aplikab.
- te viv nan yon wòl sèks ki konsistan avèk idantite sèks ou pandan 12 mwa. Pandan tan sa a, ou dwe resevwa konsèy sou sante konpòtmantal, jan pwofesyonèl medikal ki kalifye k ap trete w la konsidere I nesesè, epi
- gen de lèt pwofesyonèl sante ki kalifye Eta Nouyòk ki gen lisans k ap rekòmande operasyon dapre pwòp evalyasyon pa yo.

Retadatè pibète ak òmòn pou chanje sèks

MetroPlusHealth pral bay terapi òmòn ki nesesè sou plan medikal pou tretman disfori sèks.

Tretman ak retadatè pibète yo dwe:

- resevwa yon detèminasyon nesesite medikal nan men yon pwofesyonèl medikal ki kalifye,

Tretman ak òmòn pou chanje sèks, dwe satisfè kritè espesifik laj sa yo:

- manm ki gen 16 lane oswa plis dwe resevwa yon detèminasyon sou nesesite medikal ki fèt pa yon pwofesyonèl kalifye.
- manm 16 ak 17 lane dwe resevwa tou yon detèminasyon nan men yon pwofesyonèl medikal ki kalifye pou fè w konnen w kalifye epi pare pou tretman.
- manm ki poko gen 16 lane yo pral egzamine ka pa ka pou nesesite medikal epi yo dwe resevwa apwobasyon davans nan men MetroPlusHealth, jan sa a aplikab.

Pale ak founisè swen sante w la pou w wè si w kalifye pou swen ak sèvis ki gen rapò ak

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

disfori sèks. Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626.

Ranplasman sèvis yo (ILS, an anglè)

ILS se sèvis oswa anviwònman ki pa kouvri pa Medicaid men se ranplasan ki apwopriye medikalman pou sèvis oswa anviwònman ki garanti.

Manje ki Adapte nan Domèn Medikal (MTM, an anglè)

MetroPlusHealth ofri pwogram manje gratis ki Adapte nan Domèn Medikal ki fè livrezon manje ki bon pou sante lakay ou dirèk. Sa a se yon sèvis altènatif nan plas lè sèvis èd pèsonèl (PCA yo. Yo itilize li pou preparasyon repa, fè makèt manje, oswa sejou pasyan ki entène lopital ak/oswa vizit nan depatman ijans.

A travè pwogram sa a, ou menm ak lòt manm nan fanmi w ki kalifye ka jwenn:

- Èd nan men yon espesyalis nan zafè rejim ak yon nitrisyonis. Moun sa a se yon espè nan zafè manje ak nitrisyon e l ap bay konsèy ak sipò nan chwa manje ki bon pou sante.
- Y ap libre **pou pi plis de repa pa jou** lakay ou pou sis mwa. W ap ka kontinye resevwa repa depi w kalifye pou program sa a. Yo kreye repa sa yo daprè bezwen espesifik ou genyen nan domèn sante epi sa a ka pèmèt ou gen aksè ak manje ki bon pou sante e ki rich.

Yo ofri pwogram sa a bay manm MetroPlusHealth Medicaid ki gen 18 lane oswa plis. Manm yo dwe gen yon kote ki an sekirite pou mete epi chofe manje, epi:

- Resevwa sèvis swen pèsonèl. Manm yo dwe chwazi pou yo ranplase kantite lè yo pase nan preparasyon ak achte manje yo pandan y ap jwenn yon manje ki adapte nan domèn medikal. Kantite lè yo retire yo pral depann de kantite repa ou resevwa, **oswa**
- Gen fè kansè, sik, maladi kè, oswa VIH/SIDA, ak yon kantite jou entène lopital ak/oswa vizit nan sal ijans (ER) akoz maladi ki site la yo nan 12 mwa ki sot pase yo.

Se ou menm k ap deside si w vle enskri nan pwogram nan. Si w pa deside enskri, sa pap gen okenn efè sou kalifikasyon w pou Medicaid oswa avantaj ou yo. Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

Ospitalizasyon Sikyatrik pou Pasyan Entènasyonal nan yon Enstitisyon pou Maladi Mantal (IMD)

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Sejou kout tèm entansif nan yon IMD prive ki gen lisans nan men Biwo Sante Mantal (OMH) se yon anviwònman altènatif nan plas sèvis Sikyatrik pou Pasyan Plan Eta a ki disponib nan inite pasyan OMH ki gen lisans nan lopital ki gen rapò ak Atik 28 yo.

MetroPlusHealth ofri kouvèti benefis sa a pou Manm Medicaid Granmoun ki gen 21-64 lane, epi ki ki bezwen swen medikal ki nesesè nan yon inite sikyatrik pou pasyan ki entène grav.

- Benefis IMD ILS la limite jiska 15 jou pa mwa kalandriye nan youn nan sis etablisman IMD ki gen lisans pa Biwo Sante Mantal, si etablisman sa a disponib nan zòn sèvis plan nou an.
- Pake benefis Medicaid ou a kouvri admisyon sikyatrik pou pasyan ki entène nan sis etablisman ki gen lisans OMH sa yo jiska 30 jou pou chak mwa kalandriye, oswa jiska 60 jou pa ane, yo ka otorize jan sa a nesesè sou plan medikal **apre** yon rive nan limit benefis IMD ILS la.

Lòt Sèvis ki kouvri

- Ekipman Medikal Dirab (DME) / Aparèy pou Tande / Pwotèz / Semèl koreksyon
- Sèvis Tribinal Òdone
- Jesyon Dosye
- Ed pou jwenn sèvis sipò sosyal
- Nou gen kontra tou ak plizyè Sant Sante Kalifye sou Plan Federal (FQHC, Federally Qualified Health Centers).
- Sèvis yon podològ jan se yon nesesite medikal

Sèvis Manm:
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

800.303.9626 (TTY: 711)

866.728.1885

AVANTAJ OU KA JWENN NAN METROPLUSHEALTH OSWA AK KAT MEDICAID OU A

Pou kèk sèvis, ou ka chwazi ki kote pou jwenn swen w yo. Ou ka sèvi avèk kat manm MetroPlusHealth ou an pou jwenn sèvis sa yo. Ou ka ale tou kay founisè k ap aksepte pran kat Avantaj Medicaid ou an. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la pou w jwenn sèvis sa yo. Si w gen kesyon rele nou nan 800.303.9626.

Planin Familyal

Ou ka ale kay kenpòt doktè oswa nan kenpòt klinik ki aksepte Medicaid epi ki ofri sèvis planin familyal. Epitou ou ka ale kay youn nan founisè planin familyal nou yo. Kèlkeswa, ou pa bezwen yon referans nan men PCP w la.

Ou ka jwenn medikaman pou kontwòl nesans, aparèy pou kontwòl nesans (Aparèy anndan matris ak dyafragm) ki disponib ak yon preskripsyon, plis kontrasepsyon dijans, sterilizasyon, tès gwosès, swen anvan akouchman, ak sèvis avòtman. Ou kapab wè yon founisè planin familyal tou pou tès ak tretman pou VIH ak enfeksyon seksyèlman transmisib (IST) ak konsèy ki gen rapò ak rezulta tès ou yo. Gen depistaj pou kansè ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak kansè nan vizit planin familyal yo tou.

Si w bezwen kontraseptif, MetroPlusHealth kouvri medikaman, aparèy ak pwodwi.

Ou ka kounye a gen tout apwovizyonman pou (jiska 12 mwa) medikaman pou planin, aparèy, oswa pwodwi yo distribye yon sèl fwa. Medikaman kontraseptif, aparèy, oswa pwodwi yo disponib pou ou gratis.

Pou aprann plis sou sa a, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

VIH ak IST tès depistaj (lè w ap resevwa sèvis sa a kòm yon pati nan yon vizit planin familyal)

Tout moun dwe konnen eta VIH yo. Depistaj VIH ak enfeksyon seksyèlman transmisib yo fè pati swen sante nòmal ou.

- Ou ka jwenn yon tès pou VIH oswa IST nenpòt lè w fè yon vizit nan yon biwo oswa yon klinik.
- Ou ka jwenn yon tès pou VIH oswa IST nenpòt lè w pran sèvis planin familyal yo. Ou pa bezwen yon referans nan men PCP w (Founisè Swen Prensipal). Annik pran yon

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

randevou avèk nenpòt founisè planin familyal. Si w vle yon tès sida (VIH) oswa maladi moun pran nan fè sèks (IST), men *ki pa nan yon sèvis planin familyal*, PCP w la ka bay fè l pou ou oswa fè aranjman pou w fè l.

- Si w ta pito pa wè youn nan founisè MetroPlusHealth nou yo, ou ka sèvi ak kat Medicaid ou an pou wè yon founisè planin familyal andeyò MetroPlusHealth. Pou ede w jwenn swa yon founisè Plan an oswa yon founisè Medicaid pou sèvis planin familyal, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).
- Tout moun dwe pale ak doktè yo konsènan fè yon tès pou VIH. Pou w fè tès VIH gratis oswa tès kote pou pa bay non w, rele 800.541.AIDS (Anglè) oswa 800.233.SIDA (Espanyòl).

Gen nan tès yo ki "tès rapid" epi rezulta yo pare pandan w ap tann. Founisè ki fè tès la pral esplike rezulta yo, epi fè aranjman pou suivi fèt pou swen si sa a nesesè. Ou pral aprann tou kijan pou w pwoteje patnè w. Si tès ou an negatif, nou ka ede w aprann pou sa a pa chanje.

Ou ka mande PCP w la pou yo ba w yon lis kote w ka ale pou w jwenn sèvis sa yo, oswa rele Sèvis pou Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711). Ou kapab tou rele Liy Dirèk Growing Up Healthy Eta Nouyòk (800.522.5006) pou kote ki tou pre pou jwenn sèvis sa yo.

Dyagnostik ak Tretman Tibèkiloz (TB)

Ou ka chwazi ale swa kay PCP w la swa nan ajans sante piblik konte a pou dyagnostik ak/oswa tretman. Ou pa bezwen yon referans pou w ale nan ajans sante piblik konte a.

ITILIZASYON BENEFIS KAT MEDICAID OU A SÈLMAN

Gen kèk sèvis MetroPlusHealth pa bay. Ou ka sèvi avèk kat Avantaj Medicaid ou pou pran sèvis sa yo nan men nenpòt founisè ki aksepte Medicaid.

Famasi

Ou ka jwenn preskripsyón, medikaman yo vann san preskripsyón, manje likid, ak kèk zouti medikal nan nenpòt famasi ki pran Medicaid. Yon kopeman famasi ka obligatwa pou kèk moun, pou kèk medikaman ak atik famasi.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Kèk medikaman mande pou doktè w jwenn yon otorizasyon alavans Medicaid bay nou anvan l ekri preskripsyon an. Jwenn otorizasyon alavans se yon pwoesis ki senp pou doktè w e l pa anpeche w jwenn medikaman w bezwen.

Èske w gen kesyon oswa ou bezwen èd? Liy Èd Medicaid la ka ede w. Yo ka pale avè w nan lang ou prefere. Yo ka jwenn yo nan 800.541.2831 (TTY: 800.662.1220).

Yo ka reponn apèl ou:

- Lendi pou Vandredi, 8am – 8pm
- Samdi, 9am – 1pm

Transpòtasyon

Medicaid regilye a kouvri transpò ijan/ak oswa ki pa ijan. Pou jwenn transpò ki pa ijans, ou menm oswa founisè ou dwe rele Medical Answering Services (MAS) nan 844.666.6270. Si sa a posib, ou menm oswa founisè w la dwe rele MAS pou pi piti 3 jou anvan randevou medikal ou an epi bay nimewo idantifikasyon Medicaid ou a (pa egzanp AB12345C), dat ak lè randevou a, adrès kote w prale, ak doktè w ap wè. Transpò ki pa ijan gen ladan l: machin pèsonèl, bis, taksi, anbilèt ak transpò piblik.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w gen aksè ak sèvis transpò, rele MAS nan 844.666.6270, oswa vizte sit entènèt yo a nan medanswering.com.

Si w gen yon ijans epi w bezwen yon anbilans, ou dwe rele 911.

Remak: Pou moun ki pa gen papye ki pa sitwayen ki gen 65 lane oswa plis, transpò ki pa ijans yo pa kouvri.

Andikap nan Developman

- Terapi alontèm
- Tretman lajounen
- Sèvis lojman
- Pwogram Kowodinasyon sèvis Medicaid (MSC)

SÈVIS KI PA KOUVRI:

Pa gen sèvis sa yo nan ***MetroPlusHealth oswa Medicaid***. Si w ap resevwa nenpòt nan sèvis sa yo, ou ka oblige peye bòdwo a.

- Operasyon kosmetik si li pa nesesè medikalman

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Atik pèsonèl ak atik pou konfò
- Sèvis nan men yon founisè ki fè pati MetroPlusHealth, sòf si li se yon founisè ou otorize wè jan sa dekri lòt kote nan manyèl sa a, oswa MetroPlusHealth oubyen PCP w voye w kay founisè sa a.
- Sèvis ki bezwen pou gen yon referans (apwobasyon) alavans epi w pa t resevwa.
- Dwòg lè yo itilize pou trete malfonksyònman pou bande oswa malfonksyònman seksyèl

Ou ka oblige peye pou nenpòt sèvis PCP w la pa apwouve. Oswa, si w dakò pou w se yon pasyan "privé" oswa "peye pou tèt li" anvan w pran yon sèvis, w ap gen pou peye pou sèvis la. Sa a konsènen:

- sèvis ki pa kouvri yo (yo site anwo a),
- sèvis ki pa otorize, ak
- sèvis founisè ki pa fè pati MetroPlusHealth.

Si w resevwa yon fakti

Si w resevwa yon fakti pou yon tretman oswa sèvis, epi w pa panse w ta dwe peye pou li, pa inyore fakti a. Rele MetroPlusHealth nan 800.303.9626 touswit. MetroPlusHealth ka ede w konprann poukisa w te resevwa yon fakti. Si ou pa responsab pou peye, MetroPlusHealth pral kontakte founisè a epi ede regle pwoblèm nan pou ou.

Ou gen dwa pou mande odyans san patipri si ou panse y ap mande w peye pou yon bagay Medicaid oswa MetroPlusHealth ta dwe kouvri. Gade nan seksyon Apèl Plan pi devan nan manyèl sa a.

Si w gen nenpòt kesyon, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).

SÈVIS OTORIZASYON

Otorizasyon alavans

Gen kèk tretman ak sèvis ou bezwen jwenn apwobasyon pou yo anvan ou resevwa yo oswa pou w anmezi kontinye resevwa yo. Se sa yo rele **otorizasyon alavans la**. Ou menm, founisè w la oswa yon moun ou fè konfyans ka mande pou sa a. Tretman ak sèvis sa yo dwe apwouve anvan ou jwenn yo:

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

PCP w lan ka apwouve referans kay **Founisè ki Kolabore yo** pou:

- Swen espesyalize
- Sèvis laboratwa

Ou menm oswa PCP w la dwe jwenn yon pèmisyon nan men MetroPlusHealth si:

- Yo refere w kay yon founisè ki pa nan rezo MetroPlusHealth, sof si w dwe resevwa swen nan yon sal ijans
- Yo ba w yon referans pèmanan kay yon espesyalis
- Yo admèt ou nan yon lopital, sof si se yon ijans oswa pou akouche yon tibebe
- W ap fè operasyon kòm pasyan ekstèn nan kenpòt lopital eksepte yon lopital HHC
- W ap fè operasyon kosmetik nan nenpòt etablisman
- Resevwa tretman pou pwoblèm bann kay gason.
- Resevwa Swen kiwoprakti
- Resevwa Tès anvan akouchman oswa jenetik
- Patisipasyon nan pwosè klinik
- Resevwa terapi enfizyon nan kay la
- Resevwa yon transplantasyon
- Resevwa yon transpòtasyon ki devlope nan lè a
- Resevwa yon transpòtasyon ki pa devlope
- Resevwa anestezi pou operasyon nan bouch
- Yo bezwen lantiy kontak
- Mande sèvis transjan yo
- Mande Sèvis Aderans Tretman
- Yo deziyen yon enfimyè prive nan lopital la
- Y ap admèt ou nan yon mezon retrèt wo nivo oswa yon sant reyadaptasyon grav, ankontan tout sèvis doktè bay pandan yon admisyon nan yon sant swen enfimye wo nivo.
- Y ap mete ou nan yon lopital pou Tretman Sou Siveyans Dirèk pou Maladi Tibèkiloz
- Ou resevwa sèvis swen adomisil
- Resevwa sèvis swen pou dènye jou pou viv
- Ou resevwa Sèvis Swen Pèsonèl oswa Sèvis Pwogram Asistans Pèsonèl Kliyan Dirije
- Mande PERS (Sistèm Repons pou Ijans Pèsonèl)
- Ou resevwa Swen Sante Lajounen pou Adilt oswa Swen Sante Lajounen pou SIDA Adilt
- Ou resevwa swen alontèm nan mezon retrèt

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Ou jwenn ekipman medikal dirab (DME) tankou semèl koreksyon, pwotèz, fòmil ak materyèl pou bay manje nan tib (ou jwenn fòmil pa mwayen eta a), maladi ki rele kategori otis la ki gen rapò ak DME
- Ou resevwa plis pase 20 vizit terapi fizik, okipasyonèl oswa pou lapawòl

Remak: Otorizasyon alavans **pa** obligatwa pou sèvis SUD pou moun ki entène, sa a gen ladan I pwosesis pou retire eleman toksik nan kò a, reyadaptasyon, oswa tretman nan rezidans OASAS otorize.

Lè w ap mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa a yon **demann otorizasyon sèvis**. Pou jwenn apwobasyon pou tretman oswa sèvis sa yo, ou dwe:

Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 oswa ou ka voye demann ou an pa faks nan 212.908.8521. Yon reprezantan Sèvis Manm nan ap reponn nenpòt kesyon w genyen sou pwosesis la epi I ap transfere apèl ou a bay Depatman Analiz pou Itilizasyon an (UR), si sa a nesesè. Evalyasyon itilizasyon se sa a nou fè pou deside si tretman an nesesè sou plan medikal epi MetroPlusHealth pral apwouve li oswa peye pou li. Doktè ak enfimyè yo pran desizyon yo. Yo fè sa a kote yo verifye plan tretman w lan pa rapò ak nòm ki akseptab sou plan medikal. Ekip UR nou an disponib soti 8:30 AM pou rive 5:00 PM, soti Lendi pou rive Vandredi. Nou gen yon nimewo Sèvis Asistans nan Telefòn pou Swen Sante 24 sou 24 ki se **(800.442.2560)** pou w itilize si w bezwen asistans pou yon pwoblèm medikal. Ekip UR la ap reponn mesaj ou a nan pwochen jou ouvrab la.

Pou soumèt yon demann otorizasyon sèvis alekri tou, ou menm oswa doktè w ka voye li ba:

MetroPlusHealth
 50 Water Street
 New York, NY 10004
 Attention: Prior Authorization

W ap gen bezwen otorizasyon alavans tou si w ap resevwa yonn nan sèvis sa yo kounye a, men w bezwen kontinye yo, oswa pou w jwenn plis swen. Se sa yo rele **revizyon an menm tan**.

Kisa ki rive apre nou jwenn demann otorizasyon sèvis ou an

MetroPlusHealth gen yon ekip revizyon pou asire w jwenn sèvis nou pwomèt yo. Nou verifye sèvis ou mande a asire nan plan sante ou. Gen doktè ak enfimyè nan ekip revizyon an. Travay yo se pou asire tretman oswa sèvis ou te mande a nesesè

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

medikalman e li bon pou ou. Yo fè sa a kote yo verifye plan tretman w lan pa rapò ak nòm ki akseptab sou plan medikal.

Nou ka deside pou nou refize yon demann otorizasyon sèvis oswa pou apwouve li pou yon kantite ki mwens pase sa w mande a. Se yon pwofesyonèl swen sante kalifye ki pral pran desizyon sa yo. Si nou deside sèvis ou mande a pa nesesè sou plan medikal, se yon evalyatè kanmarad klinik ki gendwa yon doktè oswa ki gendwa yon pwofesyonèl swen sante ki founi anjeneral swen w mande a ki pral pran desizyon an. Ou ka mande estanda medikal presi yo, yo rele **kritè revizyon klinik**, yo itilize pou pran desizyon pou aksyon ki gen rapò ak nesesite medikal.

Apre nou fin jwenn demann ou an, nou pral egzaminen li selon yon **metòd nòmal** oswa **metòd rapid**. Ou menm oswa doktè w la ka mande yon revizyon rapid si yo kwè yon reta pral lakòz domaj grav pou sante w. Si nou refize demann ou fè pou yon revizyon rapid la, nou pral di w sa a epi nou pral okipe dosye w la dapre revizyon nòmal la.

Nou pral akselere ak revizyon w lan si:

- Yon reta pral seryezman riske sante w, lavi w, oswa kapasite pou fonksyone;
- Founisè w la di revizyon an dwe pi vit;
- W ap mande pou plis sèvis w ap resevwa kounye a;

Nan tout ka yo, nou pral egzaminen demann ou an ak vitès eta sante w egzije pou nou fè l, men pa pita pase sa a ki ekri anba a.

Nou pral di ni ou menm ni founisè w la ni nan telefòn ni alekri si nou apwouve oswa refize demann ou an. Nou pral di w rezon nou tou pou desizyon an. Nou pral eksplike ki opsyon ou pral genyen pou apèl oswa odyans san patipri si ou pa dakò avèk desizyon nou an. (Ai gade tou nan seksyon Apèl Plan ak Odyans san Patipri pi devan nan manyèl sa a.)

Delè pou demann otorizasyon alavans:

- **Revizyon nòmal.** Nou pral pran yon desizyon sou demann ou an nan espas 3 jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men n ap kontakte w pa pita pase 14 jou apre nou fin resevwa demann ou an. Anvan 14yèm jou a, nou pral di w si nou bezwen plis enfòmasyon.
- **Revizyon rapid.** Nou pral pran yon desizyon, epi nou pral fè w siy nan espas 72 èdtan. Nou pral di w nan 72 èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Delè pou demann revizyon an menm tan:

- **Revizyon nòmal.** Nou pral pran yon desizyon nan espas 1 jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men n ap kontakte w pa pita pase 14 jou apre nou fin resevwa demann ou an. Anvan 14yèm jou a, nou pral di w si nou bezwen plis enfòmasyon.
- **Revizyon rapid.** Nou pral pran yon desizyon nan espas 1 jou ouvrab soti nan lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo. Ou pral gen nouvèl nou apre 72 èdtan aprè nou fin resevwa demann ou an. N ap di w nan 1 jou ouvrab si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè espesyal pou lòt demann yo:

- Si ou nan lopital la oswa ou fenk kite lopital la epi ou mande swen sante adomisil n ap pran yon desizyon pa pita pase 72 èdtan aprè demann ou an.
- Si w ap resevwa tretman kòm pasyan ki etène pou pwoblèm konsomasyon sibstans, epi ou mande plis sèvis omwen 24 èdtan anvan yo egzeyate w, n ap pran yon desizyon nan 24 èdtan aprè demann ou an.
- Si w ap mande pou sèvis sante mantal oswa twoub ki ka gen rapò ak yon parèt devan tribunal, nou pral pran yon desizyon nan 72 èdtan aprè demann ou an.

Si nou bezwen plis enfòmasyon pou pran swa yon desizyon nòmal oswa yon desizyon rapid sou demann sèvis ou an, nou pral:

- Ekri epi di w ki enfòmasyon ki nesesè. Si demann ou an nan yon revizyon rapid, nou pral rele w tousuit epi voye yon avi alekri apre.
- Di w poukisa reta a se nan pi bon enterè w.
- Pran yon desizyon pa pita pase 14 jou soti nan jou nou te mande plis enfòmasyon yo.

Ou menm, founisè w la, oswa yon moun ou fè konfyans ka mande tou pou nou pran plis tan pou pran yon desizyon. Gen dwa se paske w gen plis enfòmasyon pou w ba nou pou w ede nou pran yon desizyon pa rapò ak dosye w la. Sa a ka fèt lè w rele 800.303.9626 oswa si w ekri nan:

MetroPlusHealth
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Prior Authorization

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

Ou menm oswa reprezantan w la ka pote yon plent ak MetroPlusHealth si w pa dakò ak desizyon nou pou pran plis tan pou revize demann ou an. Ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka rele nan 800.206.8125 pou depoze yon plent sou tan revizyon an tou bokote Depatman Sante Eta Nouyòk.

Nou pral fè w konnen anvan dat kote tan nou pou revizyon an ekspire. Men, si pou yon rezon kèlkonk nou pa fè w ankenn siy anvan dat sa a, se menm bagay tankou si nou te refize demann sèvis otorizasyon w lan. Si nou pa reponn ak yon demann pou ranplase yon pwotokòl terapi pa etap a tan, y ap apwouve demann ou an.

Si pwanse desizyon nou pran pou refize demann sèvis otorizasyon an pa bon, ou gen dwa pou depoze yon Apèl Plan avèk nou. *Gade nan seksyon Apèl Plan pi devan nan manyèl sa a.*

Lòt desizyon sou swen w:

Pafwa nou pral fè yon revizyon nan menm moman an pou swen w ap resevwa yo pou wè si w bezwen swen yo toujou. Nou gen dwa egzaminen tou lòt tretman ak sèvis ou resevwa deja. Se sa yo rele **revizyon annaryè**. Nou pral fè w konnen si nou pran lòt desizyon sa yo.

Delè pou avi sou lòt aksyon yo

- Nan pifò ka, si nou pran yon desizyon pou diminye, sispann oswa anile yon sèvis nou te apwouve deja, epi w ap resevwa kounye a, nou dwe di w sa a 10 jou pou pi piti anvan nou chanje sèvis la.
- Nou dwe di w sa a 10 jou pou pi piti anvan nou pran nenpòt desizyon konsènan sèvis ak sipò alontèm, tankou swen sante adomisil, swen pèsonèl, CDPAS, swen sante lajounen pou granmoun ak swen nan mezon retrèt.
- Si n ap verifye ansyen swen ki te bay, n ap pran yon desizyon konsènan peman pou swen an nan lespas 30 jou apre nou resevwa enfòmasyon nou bezwen pou revizyon annaryè a. Si nou rejte pèman pou yon sèvis, n ap voye yon avi ba ou ak founisè w la jou n te rejte pèman an. Avi sa yo se pa fakti. **Ou pa pral gen pou peye pou ankenn swen w te resevwa ki te kouvri nan MetroPlusHealth oswa nan Medicaid menm si nou refize peye founisè a pi devan.**

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

KIJAN YO PEYE FOUNISÈ NOU YO

Ou gen dwa pou mande nou si nou gen nenpòt aranjman finansye espesyal ak doktè nou yo ki ta ka gen efè sou utilizasyon w fè ak sèvis swen sante yo. Si w gen enkyetid an patikilye, ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626. Nou vle w konnen tou yo peye pifò nan founisè nou yo nan yonn oswa nan plizyè nan fason annapre la yo.

- Pifò PCP ki travay nan yon klinik oswa sant sante gen yon **salè**. Kantite pasyan yo wè pa afekte salè yo.
- PCP nou yo ki travay nan pwòp biwo pa yo ka gen yon frè fiks chak mwa pou chak pasyan yo sèvi kòm PCP pou pasyan yo. Frè a rete menm jan kèlkeswa kantite fwa pasyan an vizite PCP a. Se sa yo rele **kapitasyon**.
- Founisè yo ka resevwa yon frè fiks pou chak moun ki sou lis pasyan yo, men yo ka kenbe enpe lajan pou yon fon **ankourajman**. Nan fen ane a, PCP ki satisfè nòm ankourajman MetroPlusHealth mete yo resevwa peman adisyonèl.
- Founisè yo ka resevwa **peman frè pou sèvis tou**. Sa vle di yo jwenn yon frè fiks pou chak sèvis yo bay.

OU KA BAY ÈD NAN RÈGLEMAN PLAN AN

Ou ka ede nou devlope règleman ki sèvi manm nou yo pi byen. Si w gen kèk lide, fè nou konnen yo. Tanpri fè nou konnen si w ta renmen travay ak youn nan manm konsèy oswa komite konsitatif yo. Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 pou konnen kijan w ka ede.

Enfòmasyon adisyonèl ki soti nan Sèvis Manm yo

Men enfòmasyon ou ka jwenn lè w rele Sèvis Manm nan 800.303.9626:

- Yon lis non, adrès, ak tit Konsèy Administrasyon MetroPlusHealth, Dirijan, Antite Kontwòl, Pwopriyetè ak Patnè yo.
- Yon kopi pi resan sou eta finansye/bilan, rezime revni ak depans yo.
- Yon kopi kontra endividiyèl ki pi resan pou peman dirèk manm lan.
- Enfòmasyon ki soti nan Depatman Sèvis Finansye konsènan plent kliyan kont MetroPlusHealth.
- Fason nou kenbe dosye medikal ou yo ak enfòmasyon prive manm yo.
- Nou pral di w alekri kijan MetroPlusHealth verifye kalite swen yo bay manm nou yo.
- Nou pral di w ak ki lopital founisè swen sante nou yo travay.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Si w mande nou sa a alekri, nou pral di w ki gid nou itilize pou egzaminen pwoblèm oswa maladi yo ki kouvri nan MetroPlusHealth.
- Si w mande nou sa a alekri, nou pral di w kalifikasyon ki nesesè ak kijan founisè swen sante yo ka aplike pou patisipe nan MetroPlusHealth.
- Si w poze kesyon, n ap reponn ou:
 1. si kontra nou yo oswa kontra segondè nou yo gen ladan plan ankourajman pou doktè ki gen efè sou itilizasyon sèvis referans; epi, si se ta sa a,
 2. enfòmasyon sou ki kalite aranjman ankourajan nou itilize; epi
 3. si yo bay pwoteksyon pou twòp pèt (stop loss) pou doktè ak gwoup doktè yo.
- Enfòmasyon sou fason konpayi nou an òganize ak kijan li fonksyone.

KENBE NOU OKOURAN

Rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 nenpòt lè chanjman sa yo rive nan lavi w:

- Ou chanje non w, adrès oswa nimewo telefòn ou
- Ou gen yon chanjman nan kalifikasyon w pou Medicaid
- Ou ansent
- Ou akouche
- Gen yon chanjman nan asirans la pou ou oswa timoun ou an.

Si w pa gen Medicaid ankò, ou *gen dwa* anmezi pou enskri nan yon lòt pwogram. Kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a, oswa NY State of Health, The Official Health Plan Marketplace, nan 855.355.5777, oswa nystateofhealth.ny.gov.

ANILASYON ENSKRIPSYON AK TRANSFÈ

1. Si W vle kite MetroPlusHealth

Ou ka eseye nou pou 90 jou. Ou ka kite MetroPlusHealth epi antre nan yon lòt plan sante nenpòt lè pandan peryòd sa a. Men, si w pa kite nan premye 90 jou yo, ou dwe rete nan MetroPlusHealth pou nèf mwa anplis, *sof* si ou gen yon bon (rezon) pou kite Plan nou an.

Men kèk egzanp rezon valab:

- Plan sante nou an pa satisfè egzijans Eta Nouyòk epi manm yo sibi domaj akòz li.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

- Ou kite zòn sèvis ou a.
- Ou menm, MetroPlusHealth ak depatman sèvis sosyal lokal, tout dakò anilasyon enskripsyón an pi bon pou ou.
- Yo fè w eksepsyón oswa ou vin eksepsyón oubyen yo mete w deyò nan Managed Care.
- Nou pa t anmezi ofri w sèvis jan nou gen obligasyon fè li dapre kontra nou ak Eta a.

Pou w chanje plan:

Si w enskri pa mwayen Depatman Lokal pou Sèvis Sosyal (LDSS):

- Ou ka rele anplwaye Managed Care nan LDSS lokal ou a.
- Si w ap viv nan Bronx, Kings, New York, Richmond, oswa Queens, rele New York Medicaid Choice nan 800.505.5678. Konseye yo nan New York Medicaid Choice ka ede w chanje plan sante.

Si w enskri pa mwayen Depatman Sante nan Nouyòk:

- Konekte nan kont NY State of Health ou a sou nystateofhealth.ny.gov, oswa
- Rankontre yon moun k ap ede nan eskripsyón pou w jwenn èd pou w mete kont ou ajou, oswa
- Rele Sant Sèvis Kliyan NY State of Health nan 855.355.5777
(TTY: 800.662.1220).

Ou gen dwa anmezi pou transfere nan yon lòt plan nan telefòn. Si ou dwe nan managed care, ou pral gen pou chwazi yon lòt plan sante.

Li ka pran ant de ak sis semèn pou okipe sa a, toudepan lè yo resevwa demann ou an.

W ap jwenn yon avi ki di w chanjman an ap antre an vigè nan yon dat konsa.

MetroPlusHealth ap bay swen w bezwen yo jouk rive nan moman sa a.

Ou ka mande aksyon pi rapid si w kwè tan pou pwosesis nòmal la ap lakòz domaj adisyonèl nan sante w. Ou ka mande pou aksyon pi rapid si w pote plent paske w pa t dakò ak enskripsyón an. Annik rele depatman lokal sèvis sosyal New York Medicaid Choice.

2. Ou ka vin pa kalifye pou MetroPlusHealth Medicaid Managed Care

- Ou menm ansanm ak pitit ou a gen dwa oblige kite MetroPlusHealth si ou menm ak pitit la:

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

- demenaje kite konte a oswa zòn sèvis la
 - chanje pou ale nan yon lòt plan managed care,
 - gen aksè nan yon HMO oswa lòt plan asirans nan travay,
 - ale nan prizon, oswa
 - pèdi kalifikasyon pou Medicaid nan lòt fason.
- Ptit ou gen dwa oblige kite MetroPlusHealth oswa chanje plan si li:
 - rantre nan yon Pwogram Pou Timoun Ki gen yon Andikap Fizik, oswa
 - **Si ou oblige kite MetroPlusHealth oswa ou vin pa kalifye pou Medicaid, tout sèvis ou ka sispann sanzatann, sa a gen ladan I nenpòt swen w resevwa nan kay.** Rele New York Medicaid Choice nan 800.505.5678 touswit si sa a rive.

3. Nou Ka Mande pou W Kite MetroPlusHealth

Ou ka pèdi pozisyon w kòm manm nan MetroPlusHealth tou, si anpil fwa:

- ou refize kolabore avèk PCP w la souvan pou sa a ki konsène swen ou yo,
- pa suiv règleman MetroPlusHealth yo,
- ou pa ranpli fòm yo onètman oswa w pa bay vre enfòmasyon (komèt fwod)
- ou lakòz abi oswa domaj pou manm yo, founisè oswa anplwaye yo nan plan an, oswa
- ou aji souvan nan fason ki fè li difisil pou nou fè sa a ki pi bon pou ou ak pou lòt manm yo menm apre nou te eseye regle pwoblèm yo

APÈL PLAN

Gen kèk tretman ak sèvis ou bezwen jwenn apwobasyon pou yo anvan ou resevwa yo oswa pou w anmezi kontinye resevwa yo. Se sa yo rele **otorizasyon alavans la**. Lè w ap mande apwobasyon pou yon tretman oswa sèvis, yo rele sa a yon **demann otorizasyon sèvis**. Pwosesis sa a dekri nan kòmansman nan manyèl sa a. Nenpòt desizyon pou refize yon demann otorizasyon sèvis oswa pou apwouve li pou yon kantite ki mwens pase sa ou mande a rele yon **Desizyon Favorab Inisyal**.

Si ou pa satisfè ak desizyon nou an konsènan swen ou yo, gen mezi ou kapab pran.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Founisè ou ka mande yon nouvo egzamen:

Si nou te pran yon desizyon konsènan demann otorizasyon sèvis ou a pa t nesesè sou plan medikal oswa li te fè pati yon eksperyans oswa envestigasyon; epi nou pa t pale ak doktè w sou li, doktè w la ka mande pou pale ak Direktè Medikal plan an. Direktè Medikal la pral pale ak doktè w la nan lespas yon jou ouvrab.

Ou kapab depoze yon Apèl Plan:

Si w panse desizyon nou pran pou refize demann otorizasyon sèvis ou an pa bon, ou ka mande nou pou nou regade ka w la ankò. Sa rele yon **Apèl Plan**.

- Ou **gen 60 jou kalandriye** apati dat avi Desizyon Favorab Inisyal la pou mande yon Apèl Plan.
- Ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si w bezwen èd pou w mande yon Plan Apèl, oswa suiv etap pwosesis apèl la. Nou ka ede si w gen nenpòt bezwen espesyal tankou yon pwoblèm pou tande oswa pwoblèm vizyon, oswa si w bezwen sèvis tradiksyon.
- Ou ka mande pou yon Plan Apèl, oswa w ka gen yon lòt moun, tankou yon manm fanmi, zanmi, doktè oswa avoka, ki mande pou ou. Ou menm ak moun sa a ap bezwen siyen epi bay yon deklarasyon ki di w vle moun sa a reprezante w.
- Nou pa pral trete w yon fason diferan ditou ni aji mal kont ou si w depoze yon Plan Apèl.

Èd pou Kontinye pandan w ap fè apèl kont yon desizyon konsènan swen w:

Si nou deside diminye, sispann oswa sispann sèvis ou ap resevwa kounye a, ou ka kapab kontinye sèvis yo pandan w ap tann pou yo deside sou Apèl Plan w lan. Ou dwe mande Apèl Plan ou:

- **Nan espas dis jou soti nan lè yo te di swen w la ap chanje a; oswa**
- **Anvan dat kote chanjman nan sèvis yo pwograme pou fèt la, kèlkeswa sa a ki pita.**

Si Apèl Plan ou an fè fas ak yon lòt refi, ou ka oblige peye pri tout avantaj ou te kontinye resevwa yo.

Ou ka rele oswa ekri pou mande yon Apèl Plan. Lè ou mande pou yon Apèl Plan, oswa pli vit apre, Ou ap bezwen ba nou:

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Non w ak adrès ou
- Nimewo moun ki enskri a
- Sèvis ou te mande ak rezon (yo) pou apèl la
- Nenpòt enfòmasyon ou vle nou revize, tankou dosye medikal, lèt doktè oswa lòt enfòmasyon ki eksplike poukisa ou bezwen sèvis la.
- Nenpòt enfòmasyon espesifik nou te di nou te bezwen nan avi *Desizyon Favorab Inisyal la*.
- Pou ede w prepare kontestasyon apèl ou a, ou ka mande pou w wè enstriksyon yo, dosye medikal ak lòt dokiman nou te itilize pou n Pran Premye Desizyon Negatif la. Si Apèl Plan ou an rapid, ka gen yon ti tan pou nou bay enfòmasyon ou vle nou revize a. Ou ka mande pou wè dokiman sa yo oswa pou mande yon kopi gratis lè w rele 800.303.9626.

Ban nou enfòmasyon ak materyèl yo pa telefòn oswa voye yo pa faks oswa imèl:

Telefòn.....	800.303.9626
Faks.....	212.908.8824
Lapòs.....	Appeals Coordinator 50 Water Street New York, NY 10004

Si ou mande pou yon Apèl Plan nan telefòn, sòf si li rapidman suiv, ou dwe voye tou Apèl Plan ou a alekri.

Si w mande yon Apèl Plan estanda aloral, w ap bezwen mande l'ou alekri. (Ou p ap oblige fè sa a pou yon Apèl Plan rapid.) Lè w depoze yon Apèl Plan estanda aloral, nou dwe di w dwe mande nou sa a alekri tou. Nou ka chwazi voye yon rezime Apèl Plan an ba w. W ap bezwen siyen epi retounen rezime a.

Si nou resevwa yon demann apèl nan men w aloral, n ap voye ba w yon lèt ak yon rezime apèl la. Lèt la ap ba w opsyon tou pou w revize ak chanje demann ou an.

Si w mande sèvis oswa founisè ki pa nan rezo a:

- Si nou te di ke sèvis ou te mande a pa trè differan de yon sèvis ki disponib nan yon founisè k ap patisipe, ou ka mande nou pou nou tcheke si sèvis sa a medikalman nesesè pou ou. Ou pral gen bezwen pou mande doktè w voye enfòmasyon anba yo avèk apèl-kont-aksyon w lan:
 1. yon deklarasyon alekri nan men doktè w ki di sèvis ki pa nan rezo a se yon bagay ki differan ak sèvis plan an ka bay yon founisè k ap ki nan rezo

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

- a. Doktè w la dwe yon doktè konsèy la sètifye oswa espesyalis ki kalifye ki trete moun ki bezwen sèvis w ap mande a.
- 2. de dokiman medikal oswa syantifik ki pwouve sèvis ou ap mande a plis itil pou ou epi yo pa pral lakòz ou pi mal pase sèvis la ke plan an ka bay nan men yon founisè k ap patisipe.

Si doktè w la pa voye enfòmasyon sa yo, n ap revize Apèl Plan w lan. Sepandan, ou ka pa kalifye pou yon Apèl Ekstèn. *Gade nan seksyon Apèl Ekstèn pi devan nan manyèl sa a.*

- Si w panse founisè ki nan rezo nou an pa gen fòmasyon ki kòrèk oswa eksperyans pou bay yon sèvis, ou ka mande nou pou verifye si li nesesè medikalman pou ou refere bay yon founisè ki pa nan rezo a. Ou pral gen bezwen pou mande doktè w voye enfòmasyon anba yo avèk apèl ou an:
 - 1. yon deklarasyon alekri ki di founisè patisipan nou an pa gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou satisfè bezwen ou yo, ak
 - 2. yon rekòmandasyon pou yon founisè ki pa nan rezo ki gen fòmasyon ak eksperyans kòrèk la ki ka bay sèvis la.

Doktè w la dwe yon doktè konsèy la sètifye oswa espesyalis ki kalifye ki trete moun ki bezwen sèvis w ap mande a. Si doktè w la pa voye enfòmasyon sa yo, n ap revize Apèl Plan w lan. Sepandan, ou ka pa kalifye pou yon Apèl Ekstèn. *Gade nan seksyon Apèl Ekstèn pi devan nan manyèl sa a.*

Kisa ki rive aprè nou jwenn Apèl Plan ou an:

- Nan lespas 15 jou, n ap voye ba ou yon lèt pou fè w konnen n ap travay sou Apèl Plan ou an.
- N ap voye yon kopi gratis nan dosye medikal yo ak nenpòt lòt enfòmasyon nou pral itilize pou fè desizyon apèl la. Si Apèl Plan ou an rapid, ka gen yon ti tan tou kout pou nou revize enfòmasyon sa a.
- Ou ka bay enfòmasyon k ap sèvi pou pran desizyon an pèsòn oswa alekri. Rele MetroPlusHealth nan 800.303.9626 si ou pa fin rasire w ki enfòmasyon pou w ban nou.
- Se pwofesyonèl swen sante kalifye ki pa t pran premye desizyon an ki pral pran desizyon sou Apèl Plan pou zafè klinik, epi youn nan yo pou pi piti pral yon evalyatè ki nan menm domèn klinik lan.
- Se moun ki travay nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te travay sou premye desizyon w lan ki pral okipe desizyon ki pa-klinik yo.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Y ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezònman klinik nou, si sa a aplike. Avi plan apèl pou refize demann ou an oswa pou apwouve l pou yon montan ki mwens pase sa yo mande a rele **Desizyon Defavorab Final**.
- **Si w panse ke Desizyon Defavorab Final nou an pa bon:**
 - ou ka mande yon Odyans ki jis. *Al gade nan seksyon Odyans san Patipri nan manyèl sa a.*
 - pou kèk desizyon, ou ka kapab mande yon Apèl Ekstèn. *Gade seksyon Apèl Ekstèn nan manyèl sa a.*
 - ou ka pote yon plent nan Depatman Sante Eta Nouyòk nan 800.206.8125.

Delè pou Apèl Plan yo:

- **Apèl Plan Nòmal yo:** Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, nou pral di w desizyon nou an nan lespas 30 jou soti nan lè ou te mande pou Apèl Plan ou an.
- **Apèl Plan rapid:** Si nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, desizyon sou Apèl Plan rapid yo pral fèt nan espas 2 jou ouvrab aprè Apèl Plan an, men pa plis pase 72 èdtan aprè ou te mande Apèl Plan ou a.
 - Nou pral di w nan 72 èdtan si nou bezwen plis enfòmasyon.
 - Si yo te refize demann ou lè w te mande plis tretman kòm pasyan ki entèn pou konsomasyon sibstans pou pi piti 24 èdtan anvan ou kite lopital la, n ap pran yon desizyon sou apèl ou an nan lespas 24 èdtan.
 - Nou pral di w desizyon nou an pa telefòn epi voye yon avi alekri pita.

Yo pral revize Apèl Plan ou an avèk metòd rapid la si:

- si ou menm oswa doktè w la mande pou revize Apèl Plan w lan nan kad pwosesis rapid la. Doktè w la ap gen pou eksplike kijan yon reta pral lakòz domaj nan sante w. Si nou refize demann ou fè pou yon metòd rapid, n ap di w e n ap revize Apèl Plan ak metòd nòmal la; **oswa**
- yo te refize demann ou a lè w te mande pou kontinye resevwa swen w ap pran kounye a oswa si w bezwen pwolonje yon sèvis ki te bay; **oswa**
- yo te refize demann ou lè w te mande swen sante adomisil apre w te nan lopital; **oswa**
- yo te refize demann ou a lè w te mande plis tretman pou konsomasyon dwòg pou pi piti 24 èdtan anvan w kite lopital la.

Si nou bezwen plis enfòmasyon swa pou yon desizyon nòmal swa pou yon desizyon rapid sou Apèl Plan ou an, nou pral:

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

- Ekri w epi di w ki enfòmasyon ki nesesè. Si demann ou an nan yon revizyon rapid, nou pral rele w tousuit epi voye yon avi alekri apre.
- Di w poukisa reta a nan avantaj ou; epi
- Pran yon desizyon pa pita pase 14 jou soti nan jou nou te mande plis enfòmasyon yo.

Oumenm, reprezantan ou an ka mande tou pou nou pran plis tan pou pran yon desizyon. Gen dwa se paske w gen plis enfòmasyon pou w bay MetroPlusHealth pou w ede nou pran yon desizyon pa rapò ak dosye w la. Sa a ka fèt lè w rele 800.303.9626 oswa ekri.

Ou menm oswa reprezantan w la ka pote yon plent ak MetroPlusHealth si w pa dakò ak desizyon nou an pou pran plis tan pou revize Plan Apèl ou an. Ou menm oswa yon moun ou fè konfyans ka rele nan 800.206.8125 pou depoze yon plent sou tan revizyon an tou bòkote Depatman Sante Eta Nouyòk.

Si ou pa resevwa yon repons pou Apèl Plan ou a oswa nou pa deside a tan, tankou ekstansyon, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri. *Al gade nan seksyon Odyans san Patipri nan manyèl sa a.*

Yo pral ranvèse refi orijinal la epi yo pral apwouve demann otorizasyon sèvis ou a si nou pa deside Apèl Plan ou a alè, epi nou te di sèvis w ap mande a se:

1. pa medikalman nesesè;
2. pou eksperyans oswa envestigasyon; oswa
3. pa diferan ak swen w ka jwenn nan rezo plan an; oswa
4. disponib nan men yon founisè ki nan rezo a ki gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou reponn ak bezwen w yo.

Apèl Ekstèn

Ou gen lòt dwa pou apèl si sèvis ou ap mande a te:

1. pa medikalman nesesè
2. pou eksperyans oswa ankèt
3. pa diferan ak swen w ka jwenn nan rezo plan an
4. disponib nan men yon founisè k ap patisce ki gen fòmasyon kòrèk ak eksperyans pou satisfè bezwen w yo.

Pou tip de desizyon sa yo, ou ka mande Leta Nouyòk pou yon **Apèl Ekstèn** endependan. Yo rele li yon Apèl Ekstèn paske se evalyatè ki pa travay pou plan sante a Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)
 Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
 Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

oswa pou eta Nouyòk la ki deside sou li. Evalyatè sa yo se moun ki kalifye Leta Nouyòk apwouve. Sèvis la dwe nan pake avantaj plan an oswa li dwe yon tretman eksperimental, rechèch klinik oswa tretman pou yon maladi ki ra. Ou pa gen pou peye pou yon Apèl Ekstèn.

Anvan ou mande yon Apèl Ekstèn:

- Ou dwe depoze yon Apèl Plan epi w dwe jwenn Detèminasyon Defavorab Final Plan an; **oswa**
- Si ou pa resevwa sèvis la, epi ou mande yon Apèl Plan rapid ak plan an, ou ka mande yon Apèl Ekstèn akselere nan menm moman an. Fòk doktè w la di yon Apèl Ekstèn akselere nesesè; **oswa**
- Oumenm ak MetroPlusHealth ka dakò pou sote metòd apèl plan an epi ale dirèkteman nan Apèl Ekstèn; **oswa**
- Ou ka pwouve MetroPlusHealth pa te swiv règleman yo kòrèkteman lè li t ap trete Apèl Plan w lan.

Ou gen **4 mwa** aprè ou fin resevwa Desizyon Defavorab Final plan an pou mande yon Apèl Ekstèn. Si ou menm ak MetroPlusHealth te dakò pou sote metòd apèl plan an; lè sa a, ou dwe mande apèl ekstèn la nan lespas 4 mwa soti nan lè w te fè akò sa a.

Pou mande yon Apèl Ekstèn, ranpli yon aplikasyon epi voye li nan Depatman Sèvis Finansye. Ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si ou bezwen èd pou ou ranpli yon apèl. Ou menm ak doktè w yo pral oblige bay enfòmasyon sou pwoblèm medikal ou a. Aplikasyon pou Apèl Ekstèn lan di ki enfòmasyon ki pral nesesè.

Men kèk fason ou ka jwenn yon aplikasyon:

- Rele Depatman Sèvis Finansye a nan 800.400.8882.
- Ale sou sit entènèt Depatman Sèvis Finansye a ki se dfs.ny.gov/.
- Kontakte plan sante a nan 800.303.9626.

Yo pral deside sou Apèl Ekstèn ou an nan lespas 30 jou. Plis tan (jiska senk jou ouvrab) gen dwa nesesè si evalyatè Apèl Ekstèn lan mande plis enfòmasyon. Yo pral fè ou menm ak MetroPlusHealth konnen desizyon final la nan lespas de jou apre yo pran desizyon an.

Ou ka jwenn yon desizyon pi rapid si:

- Doktè w la di yon reta pral lakòz domaj grav pou sante w; oswa
- Ou nan lopital la apre yon vizit nan sal ijans epi plan an refize w swen lopital

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

Se sa yo rele yon **Apèl Ekstèn Akselere**. Evalyatè Apèl Ekstèn lan pral deside sou yon apèl akselere nan espas 72 èdtan oswa mwens.

Si w te mande plis tretman kòm pasyan ki entène pou pwoblèm konsomasyon sibstans pou pi piti 24 èdtan anvan w kite lopital la, nou pral kontinye peye pou sejou w la si:

- ou mande yon Apèl Ekstèn rapid nan espas 24 èdtan, **EPI**
- ou mande yon Apèl Ekstèn rapid nan menm moman an.

Nou pral kontinye peye pou sejou w la jiskaske gen yon desizyon ki pran sou apèl ou yo. Nou pra l pran yon desizyon sou Apèl Plan rapid ou an nan 24 èdtan. Yo pral deside sou Apèl Ekstèn rapid la nan 72 èdtan.

Evalyatè Apèl Ekstèn lan pral fè ou menm ak plan an konnen desizyon an touswit nan telefòn oswa pa faks. Apre sa a, y ap voye yon lèt ki gen desizyon an pou ou.

Si ou mande yon Apèl Plan, epi ou resevwa yon Desizyon Defavorab Final ki refize, diminye, sispann oswa sispann sèvis ou, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri. Ou ka mande yon Odyans san Patipri epi mande yon Apèl Ekstèn, oswa toulède. Si ou mande toulède, yon Odyans san Patipri epi yon Apèl Ekstèn, desizyon responsab odyans san patipri a pral desizyon y ap konsidere a.

Odyans San patipri

Ou ka mande Eta Nouyòk yon Odyans san patipri nan si:

- Ou pa kontan ak yon desizyon Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a oswa Depatman Sante Eta a te fè sou tan w te fè oswa kite w kite MetroPlusHealth.
- Ou pa kontan ak yon desizyon nou te fè pou limite sèvis nou yo. Ou santi desizyon an limite avantaj Medicaid ou yo. Ou gen 60 jou kalandriye apati dat *Avi Entansyon pou Restriksyon* pou mande yon Odisyon san Patipri. Si ou mande yon Odyans san Patipri nan lespas 10 jou aprè Avi Entansyon pou Restriksyon an, oswa nan dat efektif restriksyon an, kèlkeswa sa ki vini an dènye a, ou ka kontinye jwenn sèvis ou yo jiskaske desizyon Odyans san Patipri a. Sepandan, si ou pèdi Odyans san Patipri a, ou ka oblige peye pri pou sèvis ou resevwa pandan w ap tann desizyon an.
- Ou pa kontan ak yon desizyon doktè w la p ap bay lòd pou sèvis ou te vle. Ou santi desizyon doktè a koupe oswa limite avantaj Medicaid ou yo. Ou dwe

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

depoze yon plent nan MetroPlusHealth. Si w dakò avèk doktè w la, ou ka mande yon Apèl Plan. Si w resevwa yon Desizyon Defavorab Final, ou pral gen 120 jou ki soti nan dat Desizyon Defavorab Final la pou mande yon Odyans san Patipri Leta.

- Ou pa kontan ak yon desizyon nou te pran konsènan swen w. Ou santi desizyon an limite avantaj Medicaid ou yo. Ou pa kontan nou te deside pou:
 - redui, sispann oswa kanpe swen w ap resevwa; oswa
 - refize swen ou te vle;
 - refize peye pou swen ou te resevwa yo; oswa
 - pa t kite ou diskite yon kantite lajan ko-peye, lòt kantite lajan ou dwe, oswa pèman ou te fè pou swen sante w.

Ou dwe mande dabò yon Apèl Plan epi resevwa yon Desizyon Defavorab Final. Ou pral gen 120 jou soti nan dat Desizyon Defavorab Final la pou mande yon Odyans san Patipri.

Si w te mande yon Apèl Plan, epi ou resevwa yon Desizyon Defavorab Final ki diminye, sispann oswa koupe swen ou ap resevwa kounye a, ou ka kontinye jwenn sèvis doktè ou te bay lòd pandan w ap tann pou Odyans san Patipri ou a pou w deside. Ou dwe mande yon odyans san patipri nan espas 10 jou apati dat Desizyon Defavorab Final la oswa pandan tan pou aksyon an pran efè, kèlkeswa ki vini aprè a. Sepandan, si ou chwazi pou mande pou sèvis yo kontinye, epi ou pèdi Odyans san Patipri a, ou ka oblige peye pri pou sèvis ou te resevwa pandan w ap tann yon desizyon.

- Ou te mande pou yon Apèl Plan, epi tan pou nou deside Apèl Plan ou an ekspire, ki gen ladan nenpòt ekstansyon. Si ou pa resevwa yon repons pou Apèl Plan ou a oswa nou pa deside a tan, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri.

Desizyon ou resevwa nan men responsab odyans san patipri a pral desizyon final la.

Ou ka sèvi ak yonn nan fason annapre la yo pou mande yon Odyans san Patipri:

1. Pa telefòn: rele nou gratis nan: 800.342.3334
2. Pa faks 518.473.6735
3. Pa entènèt otda.state.ny.us/oah/forms.asp
4. Pa lapòs New York State Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Managed Care Hearing Unit

Sèvis Manm:
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an: 800.303.9626 (TTY: 711)
866.728.1885

P.O. Box 22023
Albany, NY 12201-2023

Lè w mande yon odyans san patipri osijè yon desizyon MetroPlusHealth te pran, nou dwe voye ba w yon kopi **prèv dosye a.** Sa yo se enfòmasyon nou te itilize pou pran desizyon nou an konsènan swen w yo. Plan an pral bay responsab odyans la enfòmasyon sa yo pou eksplike aksyon nou an. Si pa gen ase tan pou voye yo pou ou pa lapòs, nou pral pote yon kopi pake prèv yo nan odyans la pou ou. Si w pa resevwa paske prèv ou an anvan semèn ki anvan odyans ou an, ou ka rele nan 800.303.9626 pou mande li.

Sonje byen, ou ka rele nan 800.206.8125 pou pote plent nenpòt lè nan Depatman Sante Leta Nouyòk.

PWOESIS PLENT

Plent

Nou swete plan asirans maladi nou an ba w bon sèvis. Si w gen yon pwoblèm, pale ak PCP ou a, oswa rele oubyen ekri Sèvis Manm lan. Pi fò pwoblèm yo ka rezoud touswit. Si w gen yon pwoblèm oswa yon kontestasyon pa rapò ak swen w yo oswa sèvis ou yo, ou ka depoze yon plent nan MetroPlusHealth. Yo pral rezoud pwoblèm ki pa rezoud touswit nan telefòn, ak nenpòt plent ki vini pa lapòs dapre pwosedi plent nou an ki dekri anba la.

Ou ka rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 si w bezwen èd pou pote yon plent oswa suiv etap pwoesis plent la. Nou ka ede si w gen nenpòt bezwen espesyal tankou yon pwoblèm pou tandé oswa pwoblèm vizyon, oswa si w bezwen sèvis tradiksyon.

Nou pa pral fè bagay yo difisil pou ou, ni pran sanksyon kont ou poutèt ou pote yon plent.

Ou gen yon dwa pou kontakte Depatman Sante Eta Nouyòk konsènan plent ou an nan 800.206.8125 oswa ekri nan: Complaint Unit, Bureau of Consumer Services, OHIP DHPCO 1CP-1609, New York State Department of Health, Albany, NY 12237.

Si w gen yon plent kont yon founisè BH oswa yon etablisman OMH, pito w ka kontakte nimewo telefòn Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk la pou plent nan 800.597.8481.

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

Ou ka kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a tou avèk plent ou a nenpòt ki lè. Ou ka rele Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la nan 800.342.3736 si plent ou an konsène yon pwoblèm fakti.

Fason pou depoze yon plent

Ou ka pote yon plent, oswa w ka gen yon lòt moun, tankou yon manm fanmi, zanmi, doktè oswa avoka, pote plent la pou ou. Ou menm ak moun sa a ap bezwen siyen epi bay yon deklarasyon ki di w vle moun sa a reprezante w.

Pou fè li pa telefòn, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626, Lendi jiska Vandredi, 8am - 8pm, ak Samdi 9am - 5 pm. Si w rele lè nou fèmen, kite yon mesaj. Nou pral tounen w apèl la nan pwochen jou ouvrab la. Si nou bezwen plis enfòmasyon pou pran yon desizyon, nou pral di w sa a.

Ou voye plent ou an alekri bay:

MetroPlusHealth
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Complaints Manager

Oswa rele nimewo sèvis Manm epi mande yon fòmilè plent. Y ap poste li voye ba ou:

MetroPlusHealth
50 Water Street
New York, NY 10004

Sa k ap rive Apre

Si nou pa rezoud pwoblèm nan touswit nan telefòn oswa apre nou fin jwenn plent ou an alekri, n ap voye yon lèt ba ou nan yon delè 15 jou ouvrab. Lèt la ap fè w konnen:

- moun k ap travay sou plent ou a
- fason pou w kontakte moun sa a
- si nou bezwen plis enfòmasyon

Ou bay enfòmasyon y ap sèvi pou egzamine plent ou an, an pèson oswa alekri. Rele MetroPlusHealth nan 800.303.9626 si w pa fin rasire w ki enfòmasyon pou w ban nou.

Youn oswa plizyè moun kalifye ap analize plent ou a. Si plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante kalifye pral analize dosye w la.

Apre nou fin egzaminen plent ou an:

- N a fè w konnen desizyon nou pran an nan 45 jou yo ki vini apre nou fin gen tout enfòmasyon nou bezwen pou reponn ak plent ou a. Nou pral fè w siy pa

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

pita pase 60 jou apati jou nou jwenn plent ou an. N ap ekri w, epi n ap di w rezon ki fè se desizyon sa a nou pran.

- Lè yon reta ta riske sante w, n ap fè w konnen desizyon nou an nan 48 èdtan apati lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen pou reponn plent ou a. Nou pral fè w siy pa pita pase 7 jou apati jou nou jwenn plent ou an. N ap rele w pou nou di w desizyon nou pran an oswa eseye kontakte w pou n fè w konnen. W ap resevwa yon lèt apre apèl nou an nan 3 jou ouvrab.
- Y ap di w kijan pou w fè apèl kont desizyon nou an si w pa satisfè, epi n ap mete nenpòt fòm ou ka bezwen ranpli.
- Si nou pa anmezi pou pran yon desizyon sou plent ou an paske nou pa gen ase enfòmasyon, n ap voye yon lèt ba w pou fè w konnen sa a.

Apèl plent

Si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran konsènan plent ou a, ou ka depoze yon **apèl pou plent** nan MetroPlusHealth.

Fason pou fè yon apèl pou plent:

- Si w pa satisfè ak sa a nou deside, ou gen pou pi piti 60 jou ouvrab aprè nou fin kontakte w pou w depoze yon apèl plent.
- Ou ka fè sa a ou menm oswa mande yon moun ou fè konfyans pou ranpli apèl plent la pou ou.
- Apèl plent lan dwe fèt alekri. Si w fè yon apèl pou plent nan telefòn, suivi a dwe fèt alekri ak:

MetroPlusHealth
50 Water Street
New York, NY 10004
Attention: Complaints Manager

- Apre w fin rele, n ap voye ba w yon fòm ki se yon rezime apèl pa telefòn ou an. Si ou dakò ak rezime nou an, ou dwe siyen epi tounen fòm lan ban nou. Ou kapab fè nenpòt ki chanjman ki nesesè anvan ou voye fòm lan tounen ban nou.

Kisa ki rive aprè nou jwenn apèl pou plent ou an:

Apre nou jwenn apèl pou plent ou an n ap voye yon lèt ba ou nan lespas 15 jou ouvrab. Lèt la ap fè w konnen:

Sèvis Manm:	800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan	
Telefòn gratis nou an:	866.728.1885

- moun k ap travay sou apèl pou plent ou a
- fason pou w kontakte moun sa a
- si nou bezwen plis enfòmasyon

Youn oswa plizyè moun kalifye ki nan yon nivo ki pi wo pase moun ki te pran premye desizyon pa rapò ak plent ou a pral analize apèl pa rapò ak plent ou a. Si apèl pa rapò ak plent ou a gen rapò ak kesyon medikal, youn oswa plizyè pwofesyonèl swen sante ki kalifye pral analize dosye w la, epi y ap gen pou pi piti youn ladan yo k ap patisipe nan revizyon medikal la, ki pa t patisipe nan premye desizyon konsènan plent ou a.

Si nou jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo, n ap fè w konn desizyon nou pran an nan 30 jou ouvrab. Si yon reta ta met sante w an danje, w ap jwenn desizyon nou an nan 2 jou ouvrab apati jou nou resevwa tout enfòmasyon nou bezwen pou nou pran yon desizyon konsènan apèl la. Y ap ba w rezon ki fè nou pran desizyon an ak rezònman klinik nou, si sa a aplike. Si w pa satisfè toujou, ou menm oswa yon moun ka depoze yon plent nan non w nenpòt lè nan Depatman Sante Eta Nouyòk nan 800.206.8125.

DWA AK RESPONSABLITE MANM YO

Dwa w yo

Kòm yon manm nan MetroPlusHealth, ou gen yon dwa pou:

- Yo pran swen w ak respè, san gade sou eta sante, sèks, ras, koulè, reliyon, orijin nasional, laj, eta sivil oswa preferans seksyèl.
- Yo di w kibò, kilè ak kòman pou w fè pou jwenn sèvis ou bezwen nan men MetroPlusHealth.
- PCP w la di w nan lang ou konprann, ki pwoblèm ki genyen, kisa yo ka fè pou ou, epi kisa rezulta a gen anpil chans pou l ye.
- Jwenn yon dezyèm opinyon konsènan swen w yo.
- Ou bay PÈMISYON w pou nenpòt tretman oswa plan swen apre yo te byen eksplike w plan an.
- Refize swen epi pou yo di w kisa ou riske si w fè sa a.
- Ou jwenn yon kopi dosye medikal ou, epi pale sou li ak PCP ou a, epi pou mande, si sa a nesesè, pou yo modifye oswa korije dosye medikal ou a.
- Asire w dosye medikal ou prive e li p ap pataje ak pyès moun apa sa a lalwa, kontra a egzije yo, oswa ak aprobasyon w.

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

- Sèvi ak sistèm plent MetroPlusHealth pou rezoud nenpòt plent, oswa w ka pote plent bò kote Depatman Sante Eta Nouyòk oswa nan depatman sèvis sosyal nenpòt lè w santi yo pa te trete w egalego.
- Sèvi ak sistèm Odyans san Patipri Eta Nouyòk la.
- Pou nonmen yon moun (fanmi, zanmi, avoka, elatriye) pou pale pou ou si w pa anmezi pou pale pou tèt ou konsènan swen ak tretman ou.
- Resewwa swen sante avèk respè ak konsidérasyon nan yon kote ki pwòp epi san danje, san yo pa imobilize w si sa a pa nesesè.

Responsabilite w

Kòm yon manm nan MetroPlusHealth, ou dakò pou:

- Travay ak PCP ou pou konsève ak amelyore sante w.
- Chèche konnen kijan sistèm swen sante w lan fonksyone.
- Koute konsèy PCP w epi poze kesyon lè w gen dout.
- Rele PCP w oswa tounen kote li si ou pa vin miyò, oswa mande yon dezyèm opinyon.
- Trete anplwaye swen sante yo ak respè ou atann pou tèt pa ou.
- Fè nou konnen si w gen pwoblèm avèk nenpòt anplwaye swen sante. Rele Sèvis Manm.
- Kenbe randevou w yo. Si w dwe anile, rele pi vit ou kapab.
- Sèvi ak sal ijans la pou ijans reyèl sèlman.
- Rele PCP w lè w bezwen swen medikal, menm si se apre lè biwo.

DESIZYON ALAVANS

Ka rive yon tan kote w paka deside sou pwòp swen sante pa w. Si w planifie davans, ou ka fè aranjman kounye a pou yo yo respekte volonte w yo.

- Premyèman, fè fanmi, zanmi ak doktè w konnen ki kalite tretman w vle oswa w pa vle.
- Dezyèmman, ou ka chwazi yon granmoun ou fè konfyans pou pran desizyon yo pou ou.
- Twazyèmman, li pi bon si w mete panse w yo alekri.

Pwokirasyon pou Swen Sante

Yon fòm prokirasyon swen sante pèmèt ou nonmen yon lòt granmoun ou fè konfyans (anjeneral yon manm fanmi oswa yon zanmi) pou pran desizyon sou swen medikal ou si

Sèvis Manm:

800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an:

866.728.1885

w pa kapab pran pwòp desizyon w. Ou ta dwe pale ak moun ou chwazi a, yon fason pou li konnen kisa w vle. Pou jwenn fòm Pwokirasyon pou Swen Sante, pale ak founisè w la oswa ale nan health.ny.gov/forms.

Pa resisite (DNR, an anglè)

Ou gen yon dwa pou deside si ou vle kenpòt tretman espesyal oswa ijans pou refè kè oswa poumon w fonksyone si respirasyon w oswa sikilasyon w kanpe. Si ou pa vle tretman espesyal, ni reyanimasyon kadyopilmonè (CPR), ou dwe fè konnen volonte w alekri. PCP w la ap bay yon lòd DNR (Pa Reyanime) pou dosye medikal ou yo. Ou ka jwenn yon fòm DNR tou pou toujou genyen nan men w ak/oswa yon braslè pou w mete ki pral fè tout founisè medikal ijans yo konnen volonte w.

Kat Donè Ògàn

Kat sa a, ki gen gwosè pou mete nan bous, di w vle fè don pati nan kò w pou ede lòt moun lè w mouri. Epitou, tcheke sou do lisans ou pou fè lòt moun konnen si w vle fè don ògàn ou yo epi kijan.

Sèvis Manm:

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

800.303.9626 (TTY: 711)

866.728.1885

NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

PCP w la: _____

Sal ijans ki pi pre w la: _____

MetroPlusHealth

Sèvis Manm: 800.303.9626

TTY/TDD Sèvis Manm: 711

Lòt Depatman (pa egzanp, Liy Asistans enfimyè, Revizyon Itilizasyon, elatriye):

Depatman Sante Eta Nouyòk (Plent) 800.206.8125

Plent Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk (OMH, an anglè) 800.597.8481

Plent Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans Eta Nouyòk
(OASAS, an anglè) 518.473.3460

Ombudsman: CHAMP 888.614.5400

Bwat Postal (Ombuds@oasas.ny.gov)

Depatman Sèvis Sosyal Konte a 718.557.1399

New York Medicaid Choice 800.505.5678

Liy Dirèk pou HIV/SIDA pou Eta Nouyòk 800.541.AIDS (2437)

Espanyòl 800.233.SIDA (7432)

TDD 800.369.AIDS (2437)

Sèvis Asistans nan Telefòn nan Vil Nouyòk pou VIH/SIDA
(Anglè ak Espanyòl) 800.TALK.HIV (8255-448)

Pwogram Swen Sante pou Moun ki gen VIH epi ki pa

Gen Asirans 800.542.AIDS (2437)

TDD Transmisyon, apre sa a 518.459.0121

Child Health Plus 800.698.4543

- Asirans sante gratis oswa ba pri pou timoun (TTY: 877.898.5849)

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan

Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

Independent Consumer Advocacy Network (ICAN)	844.614.8800
- Bay asistans gratis epi konfidansyèl	
Pwogram Asistan pou Patnè	800.541.AIDS (2437)
- Nan Vil Nouyòk (CNAP).....	212.693.1419
Administrasyon Sekirite Sosyal	800.772.1213
Liy Dirèk Pou Vyolans nan Fwaye nan Eta Nouyòk	800.942.6906
Espanyòl	800.942.6908
Moun ki gen pwoblèm pou tande	800.810.7444
Liy Enfòmasyon Lwa an favè Ameriken Andikape (ADA, Americans with Disabilities Act).....	800.514.0301
TDD	800.514.0383
Famasi lokal	_____

Lòt Founisè Swen Sante:

SIT ENTÈNÈT ENPÒTAN

MetroPlusHealth
metroplus.org

Depatman Sante Eta Nouyòk (DOH, an anglè):
health.ny.gov

Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk ((OMH, an anglè):
omh.ny.gov

Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans Eta Nouyòk (OASAS, an anglè):
oasas.ny.gov

Enfòmasyon DOH VIH/SIDA Eta Nouyòk:
health.ny.gov/diseases/aids/

Pwogram Swen Sante pou Moun ki gen VIH nan Eta Nouyòk epi ki pa Gen Asirans:
health.state.ny.us/diseases/aids/resources/adap/index.htm

Sèvis Manm: 800.303.9626 (TTY: 711)
Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an: 866.728.1885

Anyè Resous pou Tès VIH:

health.ny.gov/diseases/aids/consumers/testing/index.htm

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (DOHMH):

nyc.gov/site/doh/index.page

Enfòmasyon sou VIH/SIDA DOHMH Vil Nouyòk:

nyc.gov/site/doh/health/health-topics/aids-hiv.page

Sèvis Manm:

Pou Kriz Sante Konpòtmantal rele Sèvis Asistans nan
Telefòn gratis nou an:

800.303.9626 (TTY: 711)

866.728.1885

Language Assistance

ATTENTION: Language assistance services, free of charge, are available to you. Call 1-800-303-9626 (TTY: 711).	English
ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-800-303-9626 (TTY: 711).	Spanish
注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-800-303-9626 (TTY: 711)。	Chinese
ملحوظة: إذا كنت تتحدث لغتك، فإن خدمات المساعدة اللغوية قرابة لك بالمجان. اتصل بـ 1-800-303-9626 (TTY: 711) (الرقم هاتف الصمم والبكم).	Arabic
주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다 1-800-303-9626 (TTY: 711) 번으로 전화해 주십시오.	Korean
ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-800-303-9626 (телефайп: TTY: 711).	Russian
ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-800-303-9626 (TTY: 711).	Italian
ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-800-303-9626 (TTY: 711).	French
ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-800-303-9626 (TTY: 711).	French Creole
אוייפערקזאָם: אַויַּב אַיר רְעֵדֶת אִידֵּשׁ, צָעַנְעַן פֿאַרְהָאָן פֿאַר אַיר שְׁפָרָאָר הַילְּפָן סְעַרְוָוִיסְעָה פֿוֹן 1-800-303-9626 (TTY: 711). אַפְּצָאָל. רְופָט (TTY: 711)	Yiddish
UWAGA: Jeżeli mówisz po polsku, możesz skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Zadzwoń pod numer 1-800-303-9626 (TTY: 711)	Polish
PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, maaari kang gumamit ng mga serbisyo ng tulong sa wika nang walang bayad. Tumawag sa 1-800-303-9626 (TTY: 711).	Tagalog
লক্ষ করুন: যদি আপনি বা তাঁর কথা বলেতে পাতেন, তবে মোহুল দণ্ডিতেও ভাষা সহজে পদত্বে উপলব্ধ আত্ম ফুন করুন ।-1-800-303-9626 (TTY: 711)	Benga
KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-800-303-9626 (TTY: 711).	Albanian
ΠΡΟΣΟΧΗ: Αν μιλάτε ελληνικά, στη διάθεσή σας βρίσκονται υπηρεσίες γλωσσικής υποστήριξης, οι οποίες παρέχονται δωρεάν. Καλέστε 1-800-303-9626 (TTY: 711).	Greek
خبردار: اگر آپ اردو بولتے ہیں، تو آپ کو زبان کی مدد کی خدمات مفت میں سہیل ہیں۔ کل کریں 1- (TTY: 711) 800-303-9626	Urdu